
 RAGAD ADVERTENTIE:
 Kabar premili: 1 - 30 temboeng f 1. -
 Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi
 kirang: f 0.50.
 Advertentie limrah: f 0.15 sagaris:
 (apes: f 1.25).
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
 pisan, oetawi moendoet dados lengganan,
 tepang rembag roemijin kalijan admini-
 stratie.

Hoofdredacteur:
 D. M. HARDJASOEWANDA
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

== Medal saben dinten Djoemowah. ==

 REGIPIOEN LENGGANAN.
 SWARA TAMA
 sampoen kalijan regining Soeara Katholiek:
 1 taon . . . f 7,50 } njoewoen kabajar
 1/2 . . . f 3,75 } roemijin.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie:
 XAVERIUS-COLLEGE
 MOENTILAN N.I.S.

 Drukkerij „Canisius” Djokja.

Isinipoen.
 Economie - nipoen pradja Indija -
 Sambet rembag - Angen-angen -
 Roepak temen djadjahanipoen -
 Serat kintoenan - Gagrag énggal -
 Tetimbangan - Klégoeng - Gesang
 sesrawoengen - Soenat lan preloe -
 Ana-ana waé - Ontjèn sekar gambir
 melati - Oerap-sari Panoentoening laré -
 Correspondentie.

PRADJA RAHAJOE.
 Economienipoen Pradja Indija.
 (Palapoeranipoen Javasche Bank).

Ing dalem verslagipoen Javasche Bank
 katah prakawis-prakawis ingkang pantes
 kawoeningan para maos. Sanadjan angka-
 angka ing ngrikoe saweg djanggalan (voor-
 loopige cijfers) éwasamanten inggih sam-
 poen kénging kanggé gagaran ma-
 was kawontenaning economie Indija.
 Ing ngriki namoeng badé koela petiki
 saperloenipoen.
 Kanggé taon 1928, *gewonen dienst*
 anggadhahi tirahan f 50.072.000, déné
buitengewone dienst kapitoenan f 49.914.000.
 Dados manawi kapétang inggih taksih
 nama bati f 158.000.
 Anggènipoen saged kados makaten
 waoc, kabekta saking katahing arta
 paos-paos ingkang tinampi ing taon 1928.
 Kados déné paos loe-mebeting dagangan
 poenika angsalanipoen saged ngontjok
 f 12.600.000. katimbang rantjanganipoen
 sakawit.
 Goenggoeng kempalipoen, taon 1928
 poenika toemrap economienipoen nagari
 ngriki, kalebet taon saé.
 Mila kedah binoedidajja sampoen ngantos
 wedaling dagangan ngriki ladjeng moeng-
 kret. Djer temenipoen poenika dados
 tatalas bakoe pi-jambak toemrap kartaraha-
 rdja miwah komboelipoen tanah Indonesia.
 Anggènipoen aosing wedalipoen dagangan
 ngriki saged meh njaméni kala taon 1924,
 poenika margi dipoensaranani njaékaken
 tjaraning panjamboet-damel, soesoeloehing
 kawroeh, pangotjaling siti langkoeng-
 langkoeng ing tanah Soematra, damel
 kaboedidajjan énggal (oliepalmen),
 poenapa déné andjembaraken onder-
 neming-onderneming.
 Poenika waoc sadaja andjalari wedaling
 dagangan dateng mantja nagari ladjeng
 mindak katah, sate-mah reregèn toemrap
 dagangan ageng-ageng katah soedanipoen.
 Mirahing reregèn waoc boten kok adja-
 laran épah koeli, oetawi paséwan siti,
 loegoé namoeng margi tatanan ingkang
 pantjèn pantes ing-alembana sarta adamel
 santosaning padagangan ing ngriki. Babagan
 siti, Indija Nederland pantjèn ngambah
 margi patitis, sate-mah woeloe wedalipoen
 saged anjrambahi para soedagar kanti
 regi mirah.
 Papadjanganipoen pamedaling kaboedidajjan
 ingkang kasadé wonten ngriki, mindak.
 Anggènipoen makaten waoc margi andjembaraken
 pabrik², andandosi (damel) margi²,
 lss. Ing ngrikoe ladjeng katah koeli²
 bebara (kontrak) dateng Soematra
 anggarap siti, toemoet dandos-dandos
 wonten pabrik-pabrik énggal gadahanipoen
 Handelsvereiniging Amsterdam, sarta
 kaboedidajjan sanèsipoen. Sampoen temtoe
 kémawon pabrik anggènipoen ngedalaken
 arta (wiwit taon 1924) kanggé épah koeli,
 paséwan siti, ladjeng mindak katah. Katja-
 rijos, saweg kala taon 1914 kémawon,
 pabrik gen-dis anggènipoen ngedalaken arta
 kanggé épah koeli sarta paséwan siti
 goenggoeng-kempal sampoen wonten f
 118.520.000, taon 1927 sampoen dados f
 125.180.000; déné kanggé taon 1928
 temtoe langkoeng katah malih. Dados
 tansah mindak-mindak!

Tjatjahing koeli kontrak salebetipoen
 taon '24-28 mindakipoen wonten 102.462.
 Poenika tegesipoen onderneming ladjeng
 ngindakaken wedaling arta kirang-lang-
 koeng wonten f 7.700.000 ing dalem
 sataoen.

Makaten sadèrèk, kirang-langkoeng
 soeraosipoen verslag Javasche Bank
 ingkang koela manah perloe waoc.
Poen: Ig. Soemarah.

Sambet rembag.
 Ambangoen pernataning gesang-sesarengan.

Sad. Cor. déeka, ing wawasanipoen
 kaseboet ing Sw. T. No. 20, 26 Djoeni
 poenika ngémoetaken, bilih madjenging
 ekonomie Djawi boten sah mawi ngitjalaken
 kapoerantosing ekonomie ingkang sampoen
 wonten, wangsoel kedah ka-oedia,
 soepados tijang priboemi pijambak
 anggadhahana oetawi toemoet anggadhahana
 pirantos waoc, sarana aandeel oetawi
 medezeggen-schap. Sad. Cor. glagadipoen
 sampoen tapi dateng dedasar liberala
 kaetjakaken ing babagan ekonomie,
 ingkang ing basa Walandi ladjeng nama:
 de liberalistische vrijheids-gedachte
 op sociaal economisch gebied.

Ing ngrikoe leresipoen sampoen trontong-
 trontong mantjoengoling dedasar „awaké
 déwé disik (Sw. T. No. 20, Sociale Kwestie,
 Sad. Pramila)”, lan poenika djogipoen
 dateng: ngeroek bati sarosané lan sabisané.
 Prekawis ngagengaken bati boten wonten
 sambekalanipoen, waton pamendeting bati
 saking barangipoen (producten), boten
 saking njoeda aosing baoc, liri-poen: boten
 kesekediken anggènipoen ngaosi baoening
 tijang. Leresipoen koela lan sadèrèk Cor.
 ing ngriki njaosi tjankriman dateng para
 maos; mèmper menawi radi katingal keses-
 a-ing pangrembag ingkang ndadosaken
 tjankriman poenika, anggènipoen koela
 tijang kalih sami ngadjengaken rembag
 anggepok sociale Kwestie, pérangan
 poesering prakawis. Tjebi, kelilan koela
 njambeti karanganipoen sad. Pramila;
 nanging sadèrèng sasampoenipoen ngatoeri
 priksa: karangan teksih wonten sambetipoen,
 amargi kepandjangan menawi kadadosaken
 satoenggal. Mila njoewoen radi sabar,
 menawi madosi kados-poendi ingkang
 kakersakaken sad. Cor.

Poenapa ingkang dipoenwastani sociale
 Kwestie, pendjengangan sampoen sami
 maos.— Sapoenika koela njaosi goebahan:
 poenapa wadjibing tijang idjèn-idjèn
 (individuwen) ing sociale Kwestie ngriko.

Prakawis badé andjampèni sesakiting
 maatschappij, poenika bebahan ingkang
 ageng wonten ing tjanganipoen pijambak,
 djer pradja leresipoen namoeng kedah
 ndjanglepi kirangipoen. Para paham ing
 prakawis poenika boten kanti samar
 mahjakaken, bilih wadjibing idjèn-idjèn
 waoc, nitik lan saroe-djoek gelaring
 Maatschappij ing djaman samangké,
 tijang kedah sami ngitjali anggènipoen
 sami toemandang ing damel pijambak-
 pijambak, kaloeloha dados golong-golongan
 oetawi pakempalan, bonden (individualiseering
 der tegenwoordige Maatschappij door
 een organische inrichting).

Gambarani-poen: kajoe-gloegoe, banon-
 deling kapentjokana kapentjasa-
 ngantos sami rakit, dados kénging
 kadamel grija, sampoen kok sadaja
 sami pating siebar pijambak-pijambak.
 Oetawi malih, menawi tijang perang
 makaten, sampoen kok sadaja toemandang
 sami sakadjengipoen pijambak, nanging
 sadaja inggih toemandang, nanging toemandang
 kedah mawi toentoenan; tijang kaklempakaken,
 kagladi dados wadyabala, mangsah
 joeda atindh sénapati.

Pakempalan ing wiwitanipoen temtoe
 kémawon awateg „privaatrech-
 terlijk.”
 Katrangan: Privaatrecht poenika kempal-
 ingger (regelen), ingkang mernata lela-
 jananipoen partij kalih, ingkang sami
 déné goemantoeng dateng pangageng
 (satoenggal) ladjeng ingkang kawengko
 ing angger ingkang kados makaten
 nama „privaatrech-
 terlijk.” Publikrecht poenika kempal-
 ingger, ingkang mengkonni (beheerschen) le-

lajanipoen Pangerèh lan bawah,
 oetawi lela-jananipoen Warganing
 Pangerèh (organen der overheid)
 sami déné Warganing Pangerèh.

Wangsoel malih: Pakempalan ing
 wiwitanipoen temtoe kémawon awatek
 privaatrech-terlijk; mbéndjing menawi
 idam-idaman anetesi, tegesipoen: Maatschappij
 éstoe kénging kapernata dados organisatie,
 ladjeng dados „Publiekrechtelijk”,
 liri-poen: pakempalan-pakempalan
 waoe Negari kedah maringi wewenang
 mernata lan moetoes prakawisipoen
 pijambak (autonomie en rechtspraak
 over de eigen aangelegenheden),
 namoeng sadaja-sadaja teksih wonten
 ing salebeting wewengkon Pangerèh,
 ingkang inggil pijambak (kedjawi
 Pangeran pribadi, temtoe kémawon)
 i.p. Negari (Staatsgezag). Mila ing
 babagan sosial lan ekonomi kita
 kedah gadah pernatanning saèmper
 pernatanning politik.— Kados-poendi?
 Makaten: ing babagan politik, gemeente,
 provincie, waterschappen lsp. poenika
 gegelidaning Maatschappij, ingkang
 sami gadah autonomie pijambak,
 nadyan kebawah dateng Paréntah,
 mila gemeente, provincie boten
 privaatrech-terlijk, nanging publikrechtelijk.

Tjekaking rembag: maatschappij
 kedah kabangoen pernatanning
 manaoet golonganing pakarjan pi-
 jambak-pijambak (beroepsstanden)
 mawi publikrecht (De maatschappij
 moet georganiseerd worden in
 publiekrechtelijke beroepsstanden).
 Samanten roemijin. Prakawis radi
 moejeg, toer idea listisch, sadjakipoen
 barang ingkang boten badé saged
 kelampah. Nanging kados-poendi
 malih: poenika oenderaning rembag
 sosial, lan sawabing pangertos
 dateng rembag poenika, boten badé
 lepat ing padéah dateng prakawis
 sosial, ingkang kénging kita tandangi,
 lan sampoen kita ajati.

Angen-angen.

Tijang poenika jèn kapotangan
 kasaénan mesti gadah nijat badé
 njaocer oetawi males.

Saweg kéwan kémawon saged
 males kasaénan dateng sinten ing-
 kang waoenipoen sampoen naté anja-
 èni. INGGIH POENAPA BOTEN? Tjar
 Rah? Jak wangsoelané ja genah
 INGGIH! HHHHH. Makaten oegi
 kita tilas oetawi moerid wedalan
 XAV. COLL. Moentilan saha sadajaning
 kaoem Kath. Djw. ingkang wiwit
 alit oetawi wiwit malebet ingrikoe
 tansah wineleg, linoloh kanggé
 sangoening gesang wonten ing donja
 saha achérat, mesti! mesti! tan
 kénging boten, temtoe gadah nijat
 kentjeng nedy a males.

(Jèn leres pambatang koela nèh
 oetawi tjeta soemrawang sangkal
 boentetipoen).

Badé males kasaénan poenika roepi-
 roepi marginipoen, sampoen mesti
 ngetos pijambak-pijambak, boten
 soesah kaeloer pandjangan-pandjangan
 sampoen sami damang.

Tjekak aos, ing riki koela prong-
 gol kémawon del, ingkang preloe
 pijambak (toemrap koela) inggih
 poenika dados warganing Priestere-
 fonds. Jèn sampoen poenika ladjeng
 sanès-sanèsipoen sampoen ngantos
 pintjang oetawi djirang. Wahl koela
 boten badé maiben, mesti embèn-
 embèn bjoek-bjoekan datengipoen
 serat kasagahan ingkang sampoen
 dipoenparangi tanda iangan (tapak
 asma). Saha malih mesti sami
 balapan (bandangan) pados roemijin
 pijambak. Koela nedy ngabani
 saking wingking kémawon mawi
 petjoet, tèr, tèr, tèr, mangga sadèrèk
 sami madjeng kémawon sampoen
 pidjer oetjek-oetjek mripat kémawon,
 jak, poenika lo koela atoeri mirsani
 soerja sampoen inggil, woelan
 sampoen mantjorong toemléram.
 Sampoen pepéka sadèrèk, mindak
 angsal paraban: arep walangé,
 emoh wantjaké. Arep énaké,
 legi goerihé, emoh paité. Boten
 sapintena sadèrèk, keninipoen,
 mangga kagalih ingkang pandjangan,
 rak katah madoenipoen ing-

kang sampoen nampéjan oendjoek?
 Sampoen ngantoe.
 R. B. GENDIR PENDJALIN.

KOEROE SÉTRA.
 ROEPAK TEMEN DJAJAHANIPOEN.

Samangké poenika djaman poenapa?
 djaman bingoeng poenapa satengah
 djoen?

Tjebi! mirsanana kaart donja sapinten
 djemberipoen djagad.

Tijang ingkang awis-awis oetawi babar
 pisan boten poeroen (naté) ngambah-
 ngantjik sanès negari oetawi teba
 sanèsipoen, kénging sineboet roepak
 djadjahanipoen. Makaten oegi
 tijang ingkang boten remen mamaos,
 njenjawang ngiwangen, ngingoek
 djamanipoen, ngindakaken kawroeh
 sranas maos serat chabar ingkang
 dipoensagedi oetawi sanèsipoen,
 oegi kénging kawastanan roepak
 djadjahaning oetawi tebanipoen.

Tijang ingkang roepak djadjahanipoen
 sampoen mesti asring tjoept boedi
 kawroeh saha pamanggihipoen.

Sok oegi wonten ingkang djembar,
 mesti wonten ingkang tjoept oetawi
 roepak. Awit sampoen kinodrat ing
 PANGÉRAN, poenika dados tetimbanganipoen,
 poenika boten nama nggoemoenaken.
 NANGING, koela goemoen déné
 wonten tijang kaseboet (dipoenprena-
 h) OEWA, ing semoe ketawis kirang
 (boten) legalila, toer ingkang njeboet
 waoc tijang pangkat. Nadyan botena
 pangkat pisan seboetan: OEWA(WA)
 poenika rak boten saroe, awon oetawi
 anjèpèlèkaken (ngesor-esoraken) ta?

Tandanipoen: wonten poetraning
 pensioenan Djaksa, njeboet dateng
 pensioenan postklerk WA. (Katarik
 teksih kadang katoet, garwaning
 pensioenan Djaksa poenika lan garwaning
 pensioenan postklerk waoc taksih
 sanak) éwa déné panjawang koela
 kok dangan kémawon. Makaten oegi
 sapamireng koela ing SOLO, inggih
 wonten seboetan: OEWA. Oepami:
 WA Toemenggoeng (WA Menggoeng).

É, inggih njatanipoen, tijang
 lirahipoen ing pasisir pak gedem?
 boe gedé, bok dé.

SOLO tinimbang lan pasisir pantjèn
 bédal Poenapa panjeboet OEWA
 poenika kininten namoeng toemrap
 dateng ingkang asoring-asor kémawon??

Tjebi dipoenparingana sesoeloeh!
 Awit badé malih kok sampoen angèl,
 sampoen keladjeng waoenipoen.

Jèn pak tjilik oetawi paman gam-
 pil katjekak: PAK.

Pak wa oetawi WA poenika rak
 tjekakanipoen BAPAK (PAK) TOEWA.
 Dados kanggé ngetingalaken, jèn,
 ingkang sineboet poenika dra-
 djadi-poen (prenahipoen) SEPOEH
 (TOEWA) tinimbang kalijan poen
 BAPAK. Tjoegag-gag.

R. P. Klantoeing kadangipoen
 R. B. Tjemeti.

Serat kintoenan.
 (Sandjawining tanggalan Red.).
 Katoer dimas Hercules.

Goebahan ing film Indonésia ingkang
 toemoedjoe dateng koela, sampoen
 koela waos kanti ening. (Sw. Tm. no. 19
 taon poenika). Bm. poenika hawanipoen
 kénging kaéwokaken asrep, dados boten
 badé poen Lorenz kabranang! Dimas
 boten karsa mangsoeli ing D. K.,
 boten dados baja! Koela pijambak
 inggih sanès andahanipoen D. K.
 Poen Lorenz mardika ing atasing
 goebahan; artosipoen boten katjantjeng
 ing salah satoenggiling serit kabar.
 Nanging boten ateges: mantjala
 poeta-mantjala poetri tjara
 boenglon! Sadaja goebahan ingkang
 koela serit, mesti sampoen koela
 pikir kanti ening. (Saening-eningipoen
 Lorenz), dus boten margi kabranang,
 noen!
 Prakawis ontjèn panoekarta koela
 boten saged kapatjak ing Sw. Tm.,
 . . . poenika sanès prakawis koela,

nanging ki loerah Redactie ingkang
 wenang mranata! Boten pisan-pisan
 poen Lorenz: „gèk ora dipatjak ing
 Sw. Tm., noeli nDarma-kanda.”
 Boten tjara! Ontjèn kekalih waoc
 pangkat saking Bm. sareng. Mila
 koela djarang, ngaten!

Dimas marabi poen Lorenz:
 djoenalal! Wajah . . . Thanks very
 much, sir! To tell you the truth, I
 am non Journalist. ¹⁾ Poen Lorenz
 satoenggiling kritikoos? Jah, dimas
 déwé saben-saben ngetoni kritik
 baé djé! Ing rembag ngriki, sinten
 ingkang dados „kritikoos,” Hercules
 of Lorenz? Rak dimas pribadi ta?
 Hercules ngriki: „Nationalisten da
 memdem plitik!” Lorenz njangkal:
 „ikoe ora bener!” Malih: „Saking
 memdemé njang plitik, nganti ka-
 dang Nationalisten sengit, njepèlèk-
 aké . . . sing ora mlitik!” Lorenz
 mbantah: „Poenika inggih boten
 njata.” Sang Hercules mastani:
 „Mohamadijah disepèlèkaké enz.
 déning kadang Sionalisten.” Kriti-
 koos Lorenz (paringan paraban sa-
 king sang Her.) gadah kajakinan:
 „idem nginggil.”

Poenapa soemitra dèrèng damang
 dateng panoekarta koela ing D. K.?
 Ingkang koela kadjengaken makaten:
 1e. Kadang Sionalisten boten memdem
 (poelitik) boten barang! Actief,
 sengkoet, giat dateng plitik, . . .
 poenika njata, djer manoeit keja-
 kinanipoen kedah mekaten!

2e. Kadang Sionalisten boten ngé-
 rang-érang, of njepèlèkaken dateng
 para ingkang boten sami mlitik!
 Tanda jektinipoen boten wonten!
 Namoeng para Nationalisten *mrajo-
 gèkaken* (boten ngérang-érang enz.)
 soepados ingkang dèrèng moelitik
 samia toemoet nggeboer ing kala-
 ngan plitik. Margi jèn boten makaten,
 badé kénging plitik pijambak.

3e. Ingkang èrèk kalijan M. D.
 (Mohamadijah) poenika parté S. I.
 (sapérangan), dados sanès kadang
 Sionalisten oemoemipoen. Toer sa-
 poenika sampoen dipoenaccoord-
 aken. Koela matoer: sapérangan,
 djer boten kirang tjabang M. D.
 ingkang sami kantèn tangan kalijan
 tj. P. S. I. bv: tjabang B. negara.

Kedjawi poenika kadang Si-
 onalisten boten kok namoeng min-
 deng plitik kémawon, pjantoen;
 economie, onderwijs enz. . . inggih
 boten kirang dipoen-gatosaken!
 Engko gèk ija diarani memdem
 ékonomi . . . ? Mangertos dimas?
 Dados wawasan (of beter te zeggen:
 kritiek) idjengandika ing Sw. Tm.
 no. 12, poenika loegoé damelan
 pijambak (isapan djempol). Rak
 boten wonten ta (sasoe-emer koe-
 la) serit kabar ingkang martosaken
 poenika . . . kedjawi Sw. Tm. . .
 é nas ding . . . sir Hercules kok!
 Nu terzake!

Saodara ngandika: (Sw. Tm. no. 19):
 „Adeoh, koela koewatos, mangké
 poeta momongan pandjeng-
 nangan diadjadi mlitik! Ingkang
 gampil nge salah kedadosanipoen.
 Lo, lo; inggih ding, inggih,
 ngénggalaké kebaké DI-
 GOEL.” Wé lah, sampoen ngglad-
 drah, saodara! Kados-poendi ta
 karsa djengandika, dimas? I sjould
 like to know, what will you thats?²⁾

Sadjakipoen dimas kok taksih
 kiroeh (dèrèng damang . . . pardon!)
 anggènipoen mbédakaken „politiek,”
 lan „communisme.” Oepamia sam-
 poen damang sajektos, rak boten
 ngandika makaten. Dadi sok ngonoa
 Lorenz ja dikawatiraké dadi gombi-
 nis! (Bak niroe bak tampian, bak
 goeroe anak sisihan). Ana politik
 karo koeminiis djaré ditjampoer
 adeok baé; . . . c'en est trop,
 monsieur! (‘t is te erg, me vriend).
 Bak jeugd lan foelietiek ingkang
 ngrisak kaantapan, kados-kados
 poen Lorenz dèrèng naté moengél
 „roedjoek.” Toer ing D. K. koela
 inggih dèrèng ngedalaken pamang-
 gih bab poenika

Poen Lorenz inggih boten roedjoek
 toer kanti sanget, jèn pemoeda kita
¹⁾ Mator noewoen, sadjatosipoen koela
 dédé djoenalal. L.
²⁾ Koela kepéngin ngertos, dos-poendi
 karsa djengandika? L.

(pra djedjaka, dus dédé tjindil-tjindil of pijik) sami mlitik (praktik). Saoedara rak inggih sampoen mangertos ta, bilih ing vergadering foelitik, para pemoeda (oemoer kirang saking 18 taoen) boten kénging (dilarangi Negara) toemoe?

Ingkang koela kadjengaken para pemoeda poenika para djedjaka tjalon tjang . . . noen; dados sanès pijik-pijik ing angka kalih oetawi H.I.S. enz. Studie (sinaoe) poenika toemrap para moeda perloe sanget, djer sampoen dados wadjib. Rèhning manoet kajakinan béndjing dadosipoen tjang kedah moelitik, mila wiwit moeda kedah njinaoe poelitik, niti gilat-giloeting plitik (theorie). Kedah saged mbédakaken: sinaoe poelitik lan moelitik poenika boten sami. Perloenipoen sinaoe wanoeh lan plitik, poenika inggih kanggé ndjagi tembè wingking, sampoen ngantos toena doengkap oetawi klintoe tjak-ipoen. Lo poenika manoet kajakinan koela. Saminipoen poen Lorenz pijambak: roemijinipoen sinaoe élmoe goeroe 3 taoen. Noenten sinaoe praktik moelang setaoen, saweg saged dados goeroe patang poeloehan tjap!

Dimas ngadjak samenwerk, bravo! soemangga, kiraka mangajoe bagja, djer: „l'union fait la force.”³⁾ Mila atoeripoen kiraka: „Quand on prend du galon, on n'en saurait trop prendre.”⁴⁾ Raka idem!!

Dimas berhaloan zuiver Humoristisch, kiraka boten saged ndèrèk. Kanggé poen Lorenz poendi ingkang perloe dipoenprengoeiti, inggih kedah kaprengoeitan. Koela mesti ngenggèni poenapa ingkang sampoen koela ginem: (Je n'ai pas deux mots)⁵⁾ ing bab karakter (Sw. Tm. no. 15/16) berhaloan: optimistisch!

Woesana dimas: agréez l'assurance de ma parfaite consideration!!⁶⁾ LORENZ.

REMBAG SOESOEELAN SAKING RED.

Anggènipoen lawan rembag sad. Hercules lan sad. Lorenz, mengahing njatanipoen (objectiviteit) leresipoen sampoen petoek. Ingkang tekis saged mandjagaken semoening-pasoelajan poenika namoeng semoening-kadjing (tendens), kabekta saking panjoeraosing oekara (subjectiviteit). Mangka inggih njata poenika waoe ingkang sami koela padosi. Mila rembag tjepak samanten kémawon, mindak kadaroeng-daroeng. Menawi tendens kaitjalan, kalih-kalihipoen ngamini pepoentoning rembag, ingkang tjepak-tjekap kénging katembogaken mekaten:

- A. Politik lan Communisme béda.
B. Katah partij politik ingkang sampoen katjokan communismisme; mila ingkang badé molitiek kedah waspada.
C. Laré „adja” sami molitiek; nanging boten wonten awonipoen, menawi laré ing pamuelangan tengahing minggah sami njoemerepi theorie, mliti theorie. RED.

Gagrag énggal (modern).

Maoni: Maoni poenika gampang kawedal saking lésan, awit boten kaelèt-életan soesoer. Nanging wawan waoe leres botenipoen, dèrèng kantenan! Atoer koela ing nginggil waoe moegi soemelaia dateng sadèrèk wanita ingkang sami dangan ngrembag dateng wardining menganggé modèl énggal. (tigas kawoerjan).

Koela ngéngiti wiwit djaman Noesantara taksih djlamprah saéngga goendoel. Wiwit sindjang loerik ngantos doemoegi tjana sepatoe. Ingkang mbokoemi ngambah gagrag énggal, boten sepen ing pamawas oetawi wawaoning sanès.

Poepoentoning nalar, ladjeng gadah gagasan: Oeger ingkang dipoen adjengi ngakatah, teges katah oegi ingkang nganggep saé. Kaprahipoen ingkang tresna dateng modèl lami (ingkang dipoenalami) ladjeng sami

3) Roekoem agawé santosa.
4) Jèn djengandika karsa toendjoek diri, soemangga koela atoeri giat (damel ka-oetaman).
5) Anggegeki ingkang sampoen koela ginem. (Ik blij bij wat ik gezegd heb).
6) Atoer pangargja koela ingkang tanpa wijjalan katampila! (Pamaosipoen rak sampoen ngertos.aaa?)L.

ngili ngoepados intjon pijambak-pijambak. Amoeng satoenggal ingkang dèrèng naté koela soemerepi, tjang ingkang ngresakaken kekoentjoeng kados ki Semar.

Pandoegi koela kabekta, modèl Semaran poenika boten wonten resepi-poen.

Lan malih ingkang saged goemoen, gawok, ndjola dateng gagrag énggal poenika, namoeng para diwasa manginggil, laré-laré badé oepaminipoen, dados taksih gampil winangoen sanès!

Kalijan sasoemerep koela boten kirang-kirang prijantoen ingkang menganggèni (nglèlantih) poetrinipoen djaler èstri dateng gagrag énggal, sanadjan ta salira pijambak taksih ndjawèni deles. (deles-delesipoen djaman koela).

Mila koela ladjeng nengahi pangandika oetawi rembag, ingkang mentas kelampah; „sanès babagan djaler oetawi èstri, ingkang dados doking sipat énggal, nanging mata pitaning poen laré!

Moerih boten kenglorèhen atoer koela, koela poenggel semanten. Déné wigatosing atoer prakawis maben menganggé oetawi solah-bawa koela anggep soenat (boten patos perloe), ingatasing ngoedi kemadjengan, ingkang tjalon kagem nishi kakoeng, lan sapoenika saweg ngoedi indaking kamoeljan lan kaadabaning gesang. Déné-déné iboe kita P. S. menggak toemantar pangèn kita. Lha poenika kedah boten, mesti dipoen tega.*) Prakawis indaking panggesangan, jèn mila sampoen kedoengengan, mangsa kekirangana igoeh. Betah kita Indonesia sapoenika, kados-kados kakoeng poetri rak: „dateng tarboekaning igoeh.” toemrapping banda, oetawa nalar.

Makaten waoe jèn panampi koela boten lepat. Woesana sampoen kirang pamengkoel! BAJOEWARA.

LARASATI. Tetimbangan.

Kerep sanget koela mireng tjetrijosanipoen bangsa prijantoen prija (boten sadaja) ingkang kados ing ngandap poenika:

a „Akoé ora rila banget, manawa wong wadon doewé tingkah kang ora patoet.”

b „Akoé ora rila banget, manawa wong wadon nglakoni main ker-toe oetawa domino lsp. jèn wong lanang njamboet-gawé temenan. Manawa akoé weroeh, mesti dé-wéké takipat-ipati lan taknesoni.”

Adoeh! Kados - poendi sad. - sad. koela poetri Indonesia sadaja. Koela atoeri maos ingkang terang tetemboengan ing nginggil waoe, lan koela atoeri menggalih ingkang lebet. Lan kados-poendi tetimbangan pandjenengan sadaja. Poenapa tetemboengan ingkang kados makaten waoe boten ndadosaken aliting manah? Manawi dipoenmanah ingkang sajektos, tjang èstri poenika namoeng dipoenpamèkaken barang oetawi batoer-toekon. Manawi lepat sekedik kémawon dipoenadjar lan dipoenboetjal.

Ananging para sadèrèk, sanadjan batoer-toekon, tjang èstri poenika boten béda kalijan tjang djaler lan boten béda sami déné nggadahi kekadjengan ingkang merdika (vrije wil).

Sapoenika koela badé njaoesi oeninga doemateng sad. - sad. kaoem prija lan sadèrèngipoen, sampoen andadosaken gerahing penggalih pandjenengan, manawi koela ngedalaken critiekan doemateng pandjenengan.

O sad. - sad. prijantoen prija, sampoen kok pandjenengan téga-téga doemateng garwa - pandjenengan; sampoen kok pandjenengan kagoengan penggalih ingkang goemoenggoeng „lanang déwé”.

Koela atoeri, ènget, manawi Goesti Allah poenika anggènipoen nitahaken manoengsa djaler lan èstri poenika maksoedipoen soepados kalih-kalihipoen waoe saged gesang ing-*) Awit pasamoengan Soetji boten badé ébah, jèn boten njoelajani kasoelilaning agami!!

kang sampoerna lan sesami - sami. Dados ingkang tjang dèrèng dipoen-wasa lan dèrèng gadah sémah poenika namanipoen dèrèng sampoerna lan dèrèng merdika.

Poenapa wonten tjang djaler gesang pijambakan tanpa nganggé pitoeleongan bangsa kaoem poetri?

Goemoen sanget koela, manawi kemoetan tetemboengan ingkang nglangkoengi, boten sesami - sami manoengsa poenika.

O, sad. - sad. bangsa prija. Bok inggih welas asih, lan dipoenapoen-ten garwa pandjenengan ingkang saweg kesoepep dateng lampah ingkang saé. Lan koela atoeri èmoet ta manawi prijantoen kakoeng poenika inggih kagoengan lampah ingkang boten dipoenotjotjogi déning bangsa èstri.

Tjontonipoen kados ing ngandap poenika:

1. „Poenapa kaoem èstri boten sakti sanget manahipoen, ningali sémahipoen ingkang saweg gadah lampah ngiwa kados ta, royal maboek-maboekan, main, minoem l.s.p.?”

2. „Poenapa prijantoen kakoeng ingkang gadah lampah ngiwa kados makaten waoe boten kénging dipoenwastani nerak wètipoen „Choekoem Nikah?”

3. „Sapoenika poenapa boten wonten prijantoen prija ingkang nilar sémahipoen, émah-émah malih, ingkang sémahipoen saweg nampi ajahan wawat, oetawi saweg nandang sangsara?” Manawi prijantoen kakoeng saged kagoengan tetimbangan kados oréan koela poenika, temtoe kedadosanipoen, gesangipoen bangsa prija lan wanodya saged tentrem lan boten wonten sambékalanipoen.

Bravo!!!! Sapisan engkas; Kados poenapa agenging soesahipoen tjang èstri ingkang saweg nandang sangsara, lan ngraosaken sémahipoen ingkang gadah tingkah boten patoet lan lampah ngiwa?

Ing wasana, manawi oréan koela poenika wonten ingkang boten dipoenotjondongi déning sadèrèk prijantoen prija, lan manawi katah lepatipoen, koela njoewoen sagoeng-ing pangaksama!

Banjoemas. 11—Juni—1929. Mevr: C. Soetjilah-Atmasoedarma.

VARIA. Klégoeng 25 Juni 1929.

Nglairaken genging atoer panoe-woen koela sabrajat doemateng:

1e. Pangroekti-Laja ing Medari. 2e. Sedèrèl goeroe kakoeng poetri ing sawewengkon Medari.

3e. Saha sadèrèk sanès - sanèsipoen sadaja kémawon, ingkang sampoen sami ngroekti saha njembahjagaken lajonipoen embok koela poen Bonivasia Ranoepawiro, ingkang sampoen kepareng ngadep ing ngarsanipoen Rama ing Swarga. Ngiras pantes ngatoeri pirsada teng para kadang koewanoehan.

Atas namaning famili, koela anakipoen (w.g.) A. S. Martasoedarma.

Bok B. Ranoepawiro poenika sami²⁾ prijantoen poetri golongan pedoesonan toersampoen radi sepoeh, klebet dados tjonto ingatasing kasregepanipoen anggèné nglampahi Agami.

Mila sampoen samestiniipoen jèn ladjeng tampi noegrahaning Pangéran, nampi gandjaran langgeng wonten ing Swarga. Minangka tanda ngalamating gandjaran Dalem, kersa paring berkah dateng Pangroekti-Laja ing Medari, ngantos saged ngrengga lan ngregengaken ing pangroektingin djsim. Katahing tjang langkoeng saking 100 ingkang sami ngoentabaken lajon kanti sembahjag sesarengan, kados soeka pretanda minangka gambaring para malaékat ingkang sami ngrerepi kidoeng poedjijan ngarak soekmanipoen B. Ranoepawiro sowan ing ngarsanipoen Hjang Maha Loehoer.

Woesana Pangroekti-Laja Medari namoeng soeka pepèngget dateng

1. Sareng koela maos goebahan koela bab Socialisme, ing Sw. T. No. 20, manah koela trataban; boten margi persdelict, nanging margi correctie-delict. Poengkasaning karangan: Sapa ora tèken . . . ? ? ? Koela wangsoeli pijambak mila mawi kakoeroeng” (Tjjang waras nalari-poen)” lan koela serat toenggil garis. Lha kok wangsoelan koela poenika dipoen plorotaken, ngantos doemoegi sanginggil nama! Soeraosipen ladjeng, . . . ? Mila njoewoen goenging pangaksama. Saben tjang saged klintoe lan „mlorotaken.”

2. Gandèng lan pakabaran anggènipoen sad. Moelia lan tw. van Helsdingen rembag sami serengipoen prakawis wateking pakempalanipoen, (ingkang manoet sad. Moelia C. E. P. kedah langkoeng ambangsani), ngantos katingal njasmitani rengating golongan C. E. P. sad. Bro ing lampiran S. T. No. 135, 15 Djoeni poenika njoenggoelaken pamanggihi-poen Red. Bintang Timoer: „bahwa pendapatannya toean Moelia itoe patoet dipikir dan ditimbang oleh anggota-anggota Poetera Negeri dari P.E.B. dan . . . N.I.V.B.” Sad. Bro ngladjengaken: „Kita setoedjoe dengan pikiranja B. T. itoe, dan boekan sadja itoe doa perkoempolan, P. P. K. D. kita rasa djoega perloe memikir dan menimbang se-perloenja, djanganlah ia tjoema roepanja sadja berdiri sendiri, tapi batin dan dalamnja masih menempel kaoemnja saagama bangsa Belanda.”

Wé lha sidik, satrija iki! Njoewoen priksa roemijin, sabab mastani lamis dateng sesami poenika manawi tanpa katrangan, asoripoen doemawah ing seliranipoen ingkang mastani lo prijantoen, temah pangandikanipoen namoeng badé ngeting-alaken srèhning panggalih. „Batin dan dalamnja” poenika karsanipoen poenapa Statutenipoen? Beginsel lan werkprogram? „Batin dan dalamnja” masih menempel. „Menempel”, karsanipoen „goemantoeng”—afhanke-lijk van—? Inggih waton saged lan karsa nedahaken kémawon! Ladjeng „tjoema roepanja sadja berdiri sendiri”; dados P. P. K. D. manah boten tjotjog lan tindakipoen ta makaten? Tjobil njoewoen feiten, —Kok „roepanja” ta noen? Tradjangingipoen, poenapa anggènipoen nglampahaken sarana ingkang andjog dateng ingkang katoedjoe?

Anggèn koela njoewoen katrangan, sadajaning katrangan, poenika sabab „roepanja berdiri sendiri, tapi batin menempel” poenika poetoesan (conclusie); ha samangké koela njoewoen priksa nalar-nalar ingkang noewoehaken poetoesan waoe „praemissipoen”).

Mangké gèk anggènipoen mastani „roepa dan batin” poenika namoeng nitik tradjangingipoen tjang satoenggal

warganipoen, soepados sami sedijaa, embokmanawi mangké sekedap malih Pangéran badé nimbali dateng pandjenengan. P.-Laja Medari.

Gesang srawoengan.

Sampoen dados kodrating Goesti Allah, manawi gesang machloek poenika remen kekrompolan mangoen pakempalan, preloe sami loeng-tinoeloeng, djer tjang boten saged gesang pijambakan. Bab poenika kados sampoen boten kirang genah, mila boten preloe mawi koela soekani tanda boekti.

Satoenggal-toenggaling krompolan waoe mesti sami béda-béda dedasar lan antjasipoen. Sampoen mesti kémawon jèn dedasar-ipoen béda, antjas*) saha srana ingkang kanggé ngojak toedjoeanipoen inggih boten sami.

*) Bab antjas, toedjoe, doel, kénging kapaben sapanjangipoen. Tjetanipoen: awon saé sadaja pakarjaning tjang kaantjasaken dateng „seneng,” rahajoe (t goede). Red.

kalih, warga P.P.K.D.! Béka lo menawin makaten! Awit oepami kémawon dinten Rebo koela soemerep sadèrèk Papoea nganggé sepatoe, poenapa kénging koela moetoes (damel conclusie); é wong Papoea ki nek Rebo pada nganggo sepatoe!?

3. Inggih kados - poendi malih! Anèh! koela kepanggih tjang, tjang ingkang badé ngemah-ngemah tjang; mangka tjang ingkang badé kakamah - kemah waoe . . . koela pijambak. Klojong-klojong pantjena nemoe gong, djeboel klojong-klojong kepotoek singa-barong? Kok badé dipoenkemah-kemah? Tjrijosipoen koela damel onar? Anggènipoen damel onar? Tjrijosipoen koela kolot, boten ndjamani, boten manoet ombjaking ngakatah, „demen kakroejoe, katekoek, kalindes kadoes, kagantoe, mélé-mélé tembè mboerini.” Ééé, lha mbok anggènipoen ndjantoe poenika dipoenroemijinaken, boten sah mawi ngroejoe, poenapa! Demen temen kangèlan! Koela kèngetan anggènipoen njandra tw. Alb. Thijm dateng tw. Da Costa (poenapa sinten!): „U bent mijn vriend en mijn vijand tegelijk”—Djawi: „Idjengandika poenika inggih mitra, inggih mengsah koela.”

„Mitra” anggènipoen sami panteng-pinanteng toemandang sami déné ngetog kadajan; mengsah, sabab ingkang sami kaoedi pijambak-pijambak, toer ingkang satoenggal mengsah lan satoenggalipoen. Panganggep dateng tjang - ingkang - boten - dipoen-tjondongi kados makaten poenika „mrawira”. Rembag sami rembag! mangsa gèk bitèn! Bitèn poenika rak jèn laré alit! Kalijan malih: lha kaanteapan kok namoeng badé dipoenkarèt mawi pangantjam, poenika poenapa petoek. Djarené kadang koela sami Djawi poenika merdikakaken tjang nglampahi agami! Kénging poenapa sakoela gadah tindak adedasar tjondong lan agami koela dipoenkonokono?

Koela dipoenèndjepi. Manah koela: é prijaji iki gamané èndjep— „Doe-wèkmoé koewi koena, lan ora bakal ana katemahané!”—Antepkoela: Djengèk! Paulus njebar, Apollo njirami, nanging ingkang damel gesang paring pamedal Pangéran pribadi! „Pilaarbijter, zou je Java vrijbieden? (Toekang mbrakoti tjagak-grèdja, apa tanah Djawa bisa merdika merga disembahjagaké?)— Wangsoelan koela: Njamboet gawé karo disembahjagaké! (Ora et labora! Latin koela poenika leres. Ki Loerah?) Poenapa: orat en laborat?) „Schei uit. je zult me nog bekeeren ook, verdraaid!(Meneng! malah arep mertobataké, akoé, troondolo, ki!)

PRAMILA.

*) Sampoen leres: mila boten: wonten laborat.

Dados tjang mesti sami ngempal ing krompolanipoen pijambak-pijambak, sami ngrembag kabetahanipoen pijambak-pijambak. Boten badé tjang Katholik dados warganing pakempalan Islam; goeroe wedalan K.S., boten badé dados liding P.N.S. lan kosok-wangsoelipoen, makaten kanggé sateroes-teroesipoen.

Mirit andaran kaseboet, dados boten wonten tjang ingkang kawastanan NÉTRAL; nétral sajektosipoen (nétral toes), mesti boten badé saged. Sisip sembiripoen inggih badé dipoenkonono-kono, kanggé patjtan déning golongan sakiwa-tengenipoen. Boten wonten tjang saged moengel: Akoé ki Islam, ning ja Kristen, (é, nas ding, jèn moengel toch mesti sagedipoen! nglampahi ingkang boten indjoh), djer ora ana wong bisa ngabdi bendara loro.

Tjjang Katholik gadah tata-tjara pijambak, (sanès tata-tjara Éropah!), poenika kasinggihan. Kanggé tetjjang R.K. ingkang krompolan katah, (ing

PANOENTONING LARÉ.

Sambetipoen Sw. Tm. no. 20.

remen. Awit boten angsal bombongan. Ingkang sanget damel aliting manah, kanggéning ing béndjing saged terang pakolehipoen. Laré dados adjrihan. Manawi kedah nglairaken pamanggihipoen kalam-pabipoen kanti deg-degan, wasana boten saged anglegakaken manah. Kosok-wangsoelipoen laré ingkang kesangeten dipoenrampèk, dadosipoen inggih kirang prajogi. Sedyanipoen ingkang nggrampèk, laré soepados males tresna, nanging malah asring kirang tata-kramanipoen, oetawi kénging kawastanan deksora. Boten prajogi laré poenika dipoen-damel adjrih ngantos dados alitan manah, oetawi dipoenrampèk moerih tresna, ngantos dados laré kemad-jon kirang tata-kramanipoen.

Goeroe kedah ngretos takeripoen damel moerih laré-laré sami adjrih, lan ngoedi dipoentresnani, nanging sampoen ngantos kesangeten pangrampèkipoen, soepados laré dados adjrih ananging inggih asih dateng goeroe. Manawi ingkang makaten waoe saged kalampahan, temtoe kanggéning moerid saha goeroe sami sakétjanipoen.

Ngoepakara, anggoela-wentah laré, poenika oegi kénging winastanan ngerèh kanti ngadjar.

Déné ngerèh gadah teges: meng-koé, dawoeh, soeka wawaler sarta soeka oekoeman. Bab dawoeh poenika boten sadaja sakétja, malah-malah wonten ingkang rekaos. Ginanipoen wawaler kanggé mekak sarta matesi kamardikaning laré, pa-oekoeman poenika srana soepados laré ingkang kalepatan, boten ndalan, noenten sageda wangsoel ngambah margi ingkang leres, déné

mengkoé tegesipoen: sadaja poenika katindakna kanti pandjagi moerih saé kalampahanipoen saha saé dadosipoen. Prakawis ing nginggil poenika mahanani pamardiné laré oetawi panggoela - wentah. Mila sampoen ngantos gadah pamanggih kosok-wangsoel, tegesipoen oepami: boten poeroen andawahaken doedoekan, awit adjrih laré badé prihatos oetawi soesah. Senadyan rekaos, manawi sakinten perloe, kedah katedahaken. Adjrih njoekani pandamelan awrat, awit soemelang laré badé ngrekaos sanget-sanget. Adjrih soeka wawaler ingkang keras, awit laré mindak sami sengit, groendjan, sami boten narimah. Manawi wewenanging goeroe ngerèh, dawoeh soeka wawaler saha paekoeman, boten dipoenanggé sapreloenipoen, oepami ing béndjing laré dados tjang saé, poenika nama inanipoen goeroe pijambak.

Laré ingkang tanahipoen kemad-jon, kirang doegi lan prajogi, manawi ngretos bilih goeroenipoen, boten poeroen ngémoetaken srana kawanteraning dawoeh, oetawi ngoekoem nganggé kekerasaning doedoekan, tamtoe badé sangsaja andadra. Kala-kala moerid kedah dipoensoemerepaken ing kalepatanipoen, lan dipoenoekani ing sapreloenipoen, moerih boten koemloengkoeng lan sageda kendat nakalipoen. Boten prajogi goeroe énggal-énggal mareng manahipoen, manawi mriksa pandamelaning moerid, oetawi tampi wangsoelan ingkang kirang trep kalijan pitakenipoen. Ratjakipoen goeroe-goeroe ingkang boten énggal-énggal nrimah, sarta panatjadipoen alasan ingkang maton, moerid-moerid dipoensami ngatos-atos sarta panjamboet-damelipoen inggih kanti pangarah-arrah, wekasana padamelan dados saé, awit moerid

sami ngoedi marenging goeroenipoen. Tjjang sepoeh ingkang boten poeroen srengeng dateng laré agengipoen mara tangan, tamtoe gampang sanget kapoesan déning laré, manawi laré panoedjoe boten seneng manahipoen dateng sekolah, wasana étok-étok sakit, sakit ngeloe moemet, sakit wetengipoen, manahipoen tjang sepoeh trimah kémawon. Manawi boten makaten inggih bingoeng oetawi kéwedan sanget, boten mangretos ingkang badé katindakaken. Laré dipoenkèngkèn ambélot, tjang sepoeh loemoeh andjijit. Laré gadah paneda boten dipoentoeiti béka, ing sarèhning adjrih oetawi kirang keketjenganing manah ngerasi laré, woesanipoen kawon kalijan laré, terkadang laré ingkang dèrèng saged sisi. Saja dangoe laré saja andadra, jèn tjang sepoeh kirang leres anggènipoen angladosi, ladjeng damel tingkah ingkang boten pa-

tanah Kath.), toer adjeg tinenggan ing rama pangèn [soetji] (Pastoors) mesti gampil nglampahi koewadji- nipoen, oetawi gesang manoe tata- tjaranipoen pijambak saged sakétja toemindakipoen. Sampoen genah!

Tata-tjara lan koewadji- nipoen poenika koela mastani boten sami. Tata- tjara poenika oepami boten barang- barang; nanging koewadji- nipoen boten kenging dipoentilar.

Sembahjang poenika sanès tata- tjara, nanging koewadji- nipoen. Nanging wonten katah tata-tjara R. K. ing- kang mesti, boten kenging atilar! Ing nginggil koela tjri- jos tata-tjara oepami boten dipoen- lampahi boten barang-barang, poe- nika boten ateges ladjeng ngang- gé tata-tjara sanès, boten! É, la, éwoeh aja timen iki! Nanging atoe koela poenika kanggé sadèrèk ing- kang mandjila, tebih lèr tebih ki- doel. Ah, pamawas koela ing nging- gil poenika mestinipoen lepat, awit koela tjoto, mila panjoewoen koela, moegi ki loerah Redacteur karsa madangi bab poenika (tata-tjara en koewadji- nipoen), toemrap kita R. K. ingkang kepeksa mandjila gesang satengahing tijang ingkang dédè R.K. langkoeng-langkoeng kanggé sakoela ingkang mertapa anèng poentjaking arga! **)

Gesang betah sesrawoengan, kang- gé ngrembag poenapa kapreloeani- poen. Sapoenika kanggé sadèrèk R. K. ingkang kepeksa wonten ing poetjoek redi (kadi wak ingong kiji), badé ngrembag betah oemoem, sa- ged kalijan tetijang ngrikoe; nanging jèn badé ngrembag betahing soek- ma? adoe, angèl, toer kanti sanget. Dalasan ngrembag betah limrah kémawon, dangoe-dangoe sok la- djeng njénggol agami, lah malah paben! Poenika kerep kelampahan!

Kanggé koela sanget koela sing- kiri remebagan ingkang andjogi- poen sok dateng pabenan bab aga- mi éwa déné inggih meksa sok! Watak fanatiek koela boetjal tebih; inggih pada-pada! Margi pabenan agami poenika toendonipoen sok dateng tjongkrah. Pada déné ngan- tepi tékadé déwé, namoeng makaten, boten perloe paben, gesang srajan!

Ing nginggil koela matoer: gesang betah sesrawoengan; tijang R. K. inggih ngempal dateng kempalan R. K. Sapoenika jèn mandjila ma- katen, sawèt langka saged ngempali para sadèrèkipoen tjer (toenggil rama iboe), kepeksa inggih kempal para kadang kémawon. La, ing ngriki ingkang djan gawat jektos! Jèn ngan- tos tilar doedoega lawan prajoga, ba- dé dados dandan tenan. Oepami!

1e. Tetijang ngrikoe sami karem main, oetawi tajoeban (toer mawi endem-endeman keras), kados-po- endi ladjeng sikep kita R. K. ingkang soemlempit ing ngrikoe? Toemoet nglampahi kados tijang waoe genah boten kenging. Ngemohi . . . inggih boten saged! Bab poenika sampoen kerep lan sampoen wonten katetapan sikep kita, kawrat ing Sw. tm. ngriki, mila tjekap samanten kémawon.

2e. Koela sampoen naté dipoen- timbali dateng kawedanan, (sakantja prijadi ing kita district ngrikoe) dje- boel kapoerih . . . kendoerèn. É, la, ora gelem pijé, gelem pijé! Inggih sampoen, teroes ngadep golong enz. (jah boten isin barang koela tjrijos ing ngriki), nanging inggih kèndel- kèndelan, boten toemoet amin-amin barang. Djaragan!

Badé kasambet.

**) Pamalahing tindak dados kalih: tata- tjara lan wadji, poenika estoenipoen mengeng sanget. Destoen: soenat lan wadji, dines lan patikelir . . .

Mila makaten, awit wonten tata-tjara kang wadji. Oepami: sinten badé sowan Ngarsa dalem, koewadji- nipoen nganggé tata- tjaraning tijang sowan Ngarsa dalem. Koe- wadji- nipoen: djer wadji makaten barang ing- kang kedah katindakaken lan menawi boten katindakaken wonten oekoemani- poen.— Manoe ageng aliting oekoeman, kita ladjeng mbédakaken wadji ageng lan wadji alit.— Geloeting wadji kekalih temtoe kémawon wadji ageng kedah kame- nanganaken.— Kapendet peopontening rembag; estoenipoen namoeng wonten wadji satoenggil ingkang tansah kedah kame- nanganaken i.p. wadji- nipoen sadaya manoesga kedah soewita ing Pangéran. Mila sadaya ingkang tjengkal kalijan poenika kedah kasingkiraken. Tjara tjeplosipoen: wong ora kena nglakoni dosa, inggih sanadjan margi boten nglampahi dosa waoe tijang manggih sambé-kala.

Namoeng kotjapa: a) katah prakawis ingkang boten tjeta lan botenipoen kalijan wadji ageng waoe; b) wonten malih ingkang boten saé lan boten awon; c) saé, nanging prajogi boten katindaka- ken.

Prakawis: a) wadji kita njoewoen priksa dateng rama Pangén ing ngrikoeipoen, ingkang paham dateng gelaring kawontenan (om- standigheden). b) mana soeka: c) kados déné sembahjang ingkang boten katindakaken déning sadèrèk panjerat, na- lika katimbalan Kawedanan. Tjepak samanten, kagem oelar- oelar sawatawis. Menawi teksh wonten pakéwed sanès, koela atoei moendoet priksa.

Red. *** Pleg, kados ingkang poen ngendikak- aken. Red.

OERAP-SARI.

KABAR OEMOEM INDONESIA. Diploma Normalschool boten katampèkaken moerid Kweekschool.

Red. mireng kalijan tjeta, bilih panjoewoen: soepados moerid klas 4 Kweekschool, ingkang-boten- loepoes examenipoen, kaparingana diploma Normalschool, katolak. Ing- kang kadamel sebab, sapamireng- ipoen Red.: diploma poenika ing- kang gadah hak, namoeng moerid ingkang poetoos sinaenipoen.

Tembé wingking, menawi saged ngadjengaken wawasan bab tolakan panjoewoenan poenika.

Kabar saking Bandjarnegara.

L. Kapthie martosaken:

Mriksa pelikan.

Nalika woelan Mei kapengker poe- nika (tanggal koer-koeran), ing Ba kadatengan para ahli tjatjah 11 idji, (mestnipoen bangsa èr-èr-an). Déné perloenipoen mriksa pelikan (marmer) ing Keboetoe kidoel Bandjar.

Awisan aben koetjing.

Saking Rakit koela angsal kabar bilih ngrikoe, awisan main dipoen- kersakaken. (mitoeroet poetoesan komperènsi).

Koela Kapthie a. c. c. sanget da- teng awisan poenika. Nanging sajang katah ingkang: „gadjah ngidak rap- pak”. Lah marahi!!

Awisan malih.

Ing onder Madoekara kawertos dipoenawisi arak-arakan mawi ter- bang sabangsaniipoen. (ngarak laré tetak oetawi mantèn).

Lo, poenapa koewatos jèn keter- tiban oemoem terantjem??

Komprènsi goeroe-goeroe.

Nalika dinten Kemis tanggal 6 Juni poenika, ing Bandjarnagara ngri- ki dipoenwonteni komprènsi goeroe- goeroe wiwit dj. 4 doemoegi djam 6 sonten. Ingkang ngrawoehi won- ten goeroe 40 langkoeng (S. opzie- ner 3). Déné ingkang sesorah loerah Hoofd Schoolopziener saking Ngajodja T. Wignjasoemarta. Wosing sesorah isi bab gegajoean lan pa- moelangan, kirang langkoeng ring- kesaniipoen makaten:

a. Dedasar ing pamoelangan angka II béda lan ing H. I. S., H. C. S., enz. Pamoelangan angka II kenging ka- wasthanan eindonderwijs.

b. Bab woelangan warni-warni ing angka II dongipoen radi njekapi; nanging boten tjondong lan kawon- tenaning laré-laré, wohipoen . . . boten samesti. Djalaran laré-laré ing- kang wiwit mlebet taksih kaliten (5—6 taoen), mesti rekaos nampi piwoelang. Jèn wiwitan rekaos, teroesipoen inggih njengka.

Ladjeng nerangaken pamerdini- poen laré Djawi kalijan laré-laré Landi sadèrèngipoen neda pamoel- angan. Jèn laré Djawi pamerdi djor-djoran, namoeng kapasrahaken kodrat (natuur). Dados ing bab ka- sarasan enz. inggih boten kopèn. Poenika béda lan bangsa Landi. Pa- merdi dateng laré dipoententani jektos. Laré Djawi ingkang katah- katah (4—5 taoen) jèn dipoenta- kèni „Sapa djenengmoé,” rak na- moeng lingak-lingoek! Béda kalijan sinjo-sinjo alit, jèn dipoentakèni: „Wie ben je?” mesti mangsoeli kanti gagah: „lk ben Anoe” . . .

Ingriki koela (Kapthie) boten pi- san-pisan maiben dateng lepatng didikanipoen sadèrèk kita tijang Djawi ingkang katah-katah; margi . . . o, dasa-dasa . . .

1e. Saking dèrèng ngertosipoen. 2e. Saking boten koberipoen. 3e. Margi saking kamlarataniipoen. Sappenika ladjengipoen ing ngad- djeng.

Dedasar piwoelang ing angka II. poenika: metjah nalaring laré, mila sadaya piwoelang sampoen kok na- moeng kadjedel-djedjelaken ké- mawon (pomp-methode), dojan ora dojan loewèh! nanging moerid ka- toentoena (soepados saged mlam- pah pijambak) dateng enggèn ing- kang katoedjoe. Lan sadaya piwoe- lang sageda nglebeti raos dateng moerid, ngantos laré saged njrengi badanipoen pijambak, boten isin ngleresaken lepatipoen, etc. Jèn saged makaten, poenika nama: pi- woelangé oerip.

Sadaya piwoelang kedah wonten assosiatie-nipoen (gandèng-ginan- dèng), srana seserepaning moerid ingkang sampoen wonten, kagan- dèngaken lan piwoelang anjar. Jèn makaten saged njingkiro pomp- metode.

c. Sasampoenipoen ngrembag pi- woelang warni-warni, ladjeng ngrem- bag pamardi boedi. Ingkang roe- mijin toemoedjoe dateng goeroe- nipoen.

Gesang kita sapoenika wonten ing kawontenan ingkang boten dje- djeg (makaten loerah Hoop neroes- aken sesorahipoen). Tijang kina

ingkang kapentingaken oetamaning gesang, bab teda boten patosa dados pamanahan. Nanging sapoenika ke- peksa ngrembag betahing gesang (teda enz.), margi kedesekek bangsa kilènan, ingkang sanget anggènipoen nengenaken barang donja, i.p. kaom materialist, ngandikanipoen loerah Hoop. Jèn kita boten ladjeng mikir bab waoe, badé saja teroes kede- sek tijang ngamantja.

Goeroe roemijin boten betah poenapa-poenapa, ingkang perloe kawroeh (ngèlmoé); tijang magoeroe (sekolah) namoeng perloe *ngangsoe kawroeh* mligi. Dados béda lan dja- man sapoenika.

Goeroe djaman samangké sam- poen rekaos:

1e. dateng wadji- nipoen dados „goeroe”.

2e. anggènipoen dados „kaom boeroeh”.

3e. anggènipoen dados satoeng- giling „bangsa Djawi”.

Mila goeroe kedah tata samoe- dajaniipoen, soepados noeladani saé dateng moeridipoen.

Makaten kirang langkoeng wos- ipoen. Mila ingkang perloe: toe- lada (voorbeeld). Tiwas moe- roeri moerid: adja ngono, ning goeroenipoen malah NGONO pi- jambak, inggih tanpa goenall

Moentilan.

Prijantoen sandjawining koekoeban Moentilan ingkang sowan-gré- djaja Ngahad kepengker dateng Moen- tilan, mbokmenawi sami sawatawis kedjot, déné para tw. Broeder, wi- wit ingkang moeda pijambak doe- moegi ingkang sepeoh pijambak sa- mi ngagem djobah petak. Sebab- ipoen boten sanès, kedjawi sapoe- nika para Rama Jesuèt, Pastoor lan Broeder, sadaya ngagem djobah petak. Déné anggènipoen wiwit sami ngagem dinten Ngahad 30 djoeni poenika, sabab ngiras njemoeakaken dintenipoen tw. Broeder Busch djoemeng Jesuèt 50 taoen.

Mila bakda grédjaja, para prijan- toen goeroe ing Moentilan sagarwa, dalasan Mendoet boten kantoen, sa- mi mangargja tw. Broeder wonten ing pendapa, alengghahan ngantos sawatawis wekdal.

Djam 12 plataran ngadjeng dalem wonten motor pating djenggeleg, i.p. motor ingkang mbekta tamoe saking Ngajodja, Mendoet, Magelang Ambarawa lan Salatiga.

Pendjenganiipoen Br. Broeder Busch, kepandjangan menawi badé kaétang djasaniipoen dateng Missie. Mendoet, Flores Timoer lsp. boten badé kasoepèn dateng pendjeng- aniipoen.

Br. Busch poenika prijantoen ing- kang gampil sanget sinaoe basa. Mila boten anggoemoeaken mena- nawi pendjenganiipoen satoeng- giling prijanloen ingkang kapéng toemoet „tjakal-bakal” wontenipoen baow-sastra Soemba lan Flores ing- kang samangké poenika.

Toewan Broeder, Sw. T. ndèrèk memoedji, moegi-moegi Pangéran maringaken pandjang joeswa-kanti- kasarasan dateng pendjengani.

Kabar Katholiek.

Natjahaken tijang Kristen.

Kala tanggal 8 Februari, toewan Schmutzer kalijan toewan Ten Berge, sami warga Raad Kawoela, pi- takèn dateng Paréntah makaten: Ka- wartos bilih Paréntah Ngajogjakar- ta anatahaken tijang agama Katho- liek, mangka adat ingkang sampoen, tampi katrangan pijambak saking golongan poenika. Poenapa Paréntah pirsira prakawis poenika, lan ma- nawi priksa poenapa kadjengipoen. Poenapa Paréntah manggali per- loenipoen pétangan makaten waoe kanggé andjagi kawiloedjengan, poenapa kapanggali prajogi kang- gé indaking sasrawoenganing go- longan-golongan agama waoe.

Wangsoelanipoen Paréntah ma- katen: Salebetipoen woelan Agoes- toes 1928, A. R. Ngajodja andawoehi boepati kita kalijan boepati Bantoe soepados métag tjatjahipoen tijang agama Kristen ing sadistrik-distrik- ipoen mawia kapilah-pilah: Katho- liek poenapa Protestant. Menggah perloenipoen kanggé palapoeran amarahaken kawontenaning kaboe- patèn dateng ingkang badé goe- mantos ing ngrikoe. Ingkang kapa- tah métagi para pangageng distrik, margi-kininten golongan missie sar- ta zending boten badé saged soeka pétangan ingkang mawi midjang- midjang sapinten ing sadoesoeni- ipoen. Woosana golongan Katholie- andoewa lampah makaten waoe, mi- la sanadjan sampoen wiwit toemin- dak amétag meksa ladjeng kasan- dèkaken. Boten antawis dangoe mis- sie Ngajodja ladjeng soeka pétangan kados ingkang kinadjengaken A. R. waoe.

Pakabaran saking Djember

M. Idimak R. martosaken.

I. Ing doesoen S. bawah Djember kala dinten Djoemoewah Kliwon tanggal 21 Juni 1929 watawis mèh djam 2 daloe, tijang-tijang sami ngli-

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

KASANGSARANING KAWOELA.

(Doesoen dados Universiteit.)

Sinten tijangipoen ingkang remen njatitèkaken, badé kerep soemerep oetawi mireng lampahipoen para poenggawaning Nagari ingkang moe- rang leres! Lekas makaten waoe toemrap kawoela alit, langkoeng- langkoeng kawoela ing padoesoenan raosipoen ladjeng kados pinalinder, oetawi boten sami-sami.

Inggih kawontenan makaten poe- nika adakanipoen kerep anggampil- aken sengitipoen kawoela dateng Paréntah! Inggih tindakipoen para nara pradja ingkang nal- isir waoe, ingkang toendonipoen kerep saged angrenggagaken ka- woela kalijan ingkang kinawoelan! Prakawis poenika pandjenganan sa- ged amboektèkaken pijambak! Boten tebih-tebih, ing doesoen pandjeng- anan pijambak mbokmanawi inggih wonten kawontenan kados ingkang koela kadjengaken ing nginggil!

Para maos! Ing salebetipoen liboer poenika mitra koela soeka pawartos ingkang saèstoe dados pamanahan koela! Mitra ingkang amartosi koela, kenging sanget pinitados! koela tang- gel boten badé poeroen goroh!

. . . Nalika liboeran Djoeni ka- pengker pijambakipoen mantoek da- teng Ngadiredja (Parakan). Ing ngri- koe ngleresi wonten rémbakan grija toewin klangsiran siti.

Klangsiran siti waoe toemindaki- poen makaten! Sawoelan kilap pin- ten sadèrèngipoen wiwit klangsiran, loerah-loerah bawah Ngadiredja tam- pi sirkolèr saking Ngasistènan. Sir- koelèr waoe andjèntèhaken prakawis-prakawis ingkang magepokan kalijan klangsiran kadapoer kados wangsoelaning pitakènan ingkang sampoen mesti. Tijang doesoen (lan- taran poenggawa doesoen) kapoerih ngapalaken trep kados ingkang kasebet ing sirkolèr.

Mangké manawi kininten tetijang sampoen sami apal, mantri klangsir saweg dateng. Terkadang mawi takèn roemijin dateng loerah: tijangipoen alit sampoen apal poenapa dèrèng. Jèn dèrèng poen loerah angsal doe- doeka, terkadang malah ladjeng boten saèstoe klangsiran.

Déné manawi sampoen apal, teti- jang alit ing doesoen ngrikoe ladjeng dipoenklempakaken wonten kaloe- rahan. Mantri klangsir sapoenika djoemeneng goeroe (professor??) ndangoe kantja alit:

1. Apa maksoedé klangsiran? („ngadilaken paos boemi.”)
2. Apa perloènè klangsiran? („nimbang awon saéning siti.”)
3. Lemah endi sing diklangsir? („garing kalijan teles.”)
4. Apa tegesé lemah teles? („ . . . ”)
5. Apa tegesé lemah garing?? („ . . . ”)
6. Apa bijèn wis taoe diklangsir? („ . . . ”)
7. Jagéné diklangsir manèh? . . . enz. enz. enz.

Tijang siti kedah saged mangsoeli trep kados ing- kang kaseboet ing sirkolè- lèr, poenapa déné kedah sareng anggènipoen mangsoeli, boten kenging pating blandit! Jèn pating blandit dipoenwongsal-wang- soeli ngantos saged sareng

Mangké . . . manawi sampoen wonten ing sabin terkadang (tjara ngèlmoé goeroenipoen) mawi dipoen- hoofdelijk: ingkang gadah sabin di- poentakèni malih kados nalika sas- arangan wonten kaloearahan. Anggè- nipoen mangsoeli kedah saged atas,

liir amargi sami kagèt wonten lin- doe; rahadjengipoen boten wonten katjilakan oetawi karisakan.

II. Bab pakabaran sesakit „absent- ie ageng” kaseboet ing S. T. 14 Juni '29 sampoen angsal djampi ingkang moestidjab paringipoen Ra- ma Redacteur. Sareng katindakaken, saèstoe, sanalika saras. Nanging sapoenika badan dèrèng kijat.

Ah poenapa poenika? Ha inggih poenika alijas: „kirang moerid.” Sinten ingkang saged maringi djam- pi? Tjebi kados poenapa bobok poenapa tjekok?

III. Wonten kabar, satoenggiling tijang ing dekahan B. lélang sabin 15 baow pangaos f 2000. Sasam- poenipoen kabajar loenas, ladjeng tampi serat pratanda mawi zegel sampoen kaasmanan Griffier poena- pa, mratandani jèn sampoen mbajar. Wasana sabin waoe kagarap (ka- rojok?) tijang 8 (woloe). Sareng dateng pangadilan, ingkang lélang dipoenkawonaken. Nanging kabari- poen ingkang lélang waoe sampoen ngoendjoeaken serat minggah ma- lih. Tjebi soemangga dipoenotosi kados-poendi woesananiipoen!

IV. Wonten kabar Kangdjeng Pro- vinciaal pangagenging Orde Carmelieten ing Nederland, bédjeng woelan Augustus badé rawoeh ing

boten blekoekan! Jèn mawi grendat- grendat, temtoe angsal doedoeka, terkadang mawi kaerès dipoenedeg wonten sabin ngrikoe kasoemerep- an tijang katah

Makaten para maos kodjahipoen mitra koela waoe!

Manawi tjrijosipoen mitra koela poenika dipoenklitjeki, pandjenganan badé mangretos djangkanipoen ing- kang jasa tatanan modèl énggal maka- ten waoe. Inggih poenika: soepados kantja doesoen mangertos saèstoe perloenipoen klangsiran lss. Tema- han, anggènipoen sami koesoeng² sasarengan dateng sabin, boten kanti panggroendel katah-katah.

Djangka makaten waoe pantjèn inggih saé saèstoe, pantes ingalem- bana! Nanging, . . . nanging, . . . wonten saprekawis ingkang sanget dados pamanahan koela. Inggih poenika anggènipoen tijang alit kapoerih ngapalaken.

Koela boten mangertos ta- tanan ngapalaken poenika atas sa- king nginggil poenapa namoeng po- kilipoen mantri klangsir pijambak.

Namoeng kémawon, ingkang ang- gadahi ada ini makaten waoe poe- napa boten ngèneti manawi tijang doesoen poenika ingkang ka- ta h-katah.

1. Mlarat. Gesangipoen re- kaos! Teda ingkang kanggé bédjeng éndjing, dinten sapoenika dèrèng temtoe manawi dinten sapoenika sampoen gadah.

Gesangipoen namoeng saking pa- medaling sabin, bakoelan oetawi anggènipoen glidig! Badanipoen sa- sat kawasoeh, sadinten moepoet ke- bentèren wonten sabin, lss. Tje- kak kesel sanget! Poenapa tijang kesel poenika saged ganptang ang- gènipoen ngapalaken? Tjajak ing- kang mantri klangsir pijambak ma- nawi pinoedjoe badanipoen sajah, kapoerih ngapilaken satoenggiling prekawis, inggih dèrèng kinoer ma- nawi saged gangsar!

2. B o d o. Nanging poenapa doe- pèh bodo poenika ladjeng dipoen- tjara laré klas setoenggal, kapoerih mangsoeli pitakènan sesarengan? Kawoeningana, tijang doesoen poe- nika bakapipoen moerid klas sa- toenggal.

3. Adjrih kalijan prijan- toen! Dipoen-hoofdelijk wonten sabin sangadjengipoen tijang katah. jèn boten patos saged kasentak-sen- tak, . . . poenapa poenika boten me- sakaken? Saweg anggènipoen nge- dalaken swara kémawon temtoe sam- poen mawi manah deg-degan, ter- kadang malah wèl-wèlan! Toer basaniipoen dédè basa padintenaning tijang doesoen! Tijang doesoen ma- noehipoen: ndika, nikoe, nika, se- mènèn, enz. sapoenika ka- poerih moengel: poenika, semanten l. s. s.

Mila, tatanan ngapal- aken waoe poenapa boten saged kagantos tjara sanès ingkang lang- koeng majar, toemrap kawoela ing padoesoenan, toer perloenipoen sa- ged katjakoep??

Poenapa makaten poenika boten tjekap dipoendjalèntèhaken wonten sangadjengipoen tetijang waoe, oe- pami kaping kalih oetawi kaping tiga?

Dados boten dipoentjara béjo ngo- tjèh sasarengan, kados laré ing pang- kat satoenggal?

Pandan Wangi 1 Djoeli.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

CORRESPONDENTIE.

Sad. Setjadihardja W. B.— pendjenganan radi kelebèten anggènipoen njoeraos. Tem- boeng „ndremimis” ing karangan ingkang pen- djenganan ajoni poenika namoeng kagem banjolan, njemomi ngendikanipoen Com. ing Kalibw. ing Sw. T. Mila tinimbang pasoelajan tanpa doenoeng,

Malang teroes tindak ndjadjah tanah Missienipoen Paters Carmelieten.

V. Loetjen: Radèn bèi Mantri moendoet slof anjar.

Radèn adjeng Mantri: „Wong slof sing lawas isih apik ngono, teka moendoet manèh ta mas?”

Rd. bèi Mantri: „Lah apa sababé kowé bisa ngarani lawas djeng?”

Sad. Klentreg? P. M. njerat: „Indonésia ma'moer, mila njata! Sinten ingkang boten mélik si tjantik Indonésie? Poen Pamaréntah tjer- dik, ladjeng migoenakaken poelitik kori menga (opendeurs-politiek), inggih sampoen genah menggaging artosipoen! Kori menga! Sadaya ti- jang kenging mlebet, Landi, Inggris,

HEEL DE
ARCHIPEL
LEEST

het R. K. Dagblad
De Koerier.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAË TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
INGKANG AWOEDJOED
ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W.

Nitjil kènging! - Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA

DJOKJA

mémang tiada maoe pakai per-
tjoema, melainkan boeat djaga
keséhatan. Tetapi kalau tiada ter-
rima obat jang selamanja baroe
dan paling baik, lebih pintar
Djangan beli sama sekali.

MALIOBORO

Obat-obat keloearan roemah² obat
„RATHKAMP”
soedah terkenal berapa banjak
poeloehan tahoen dan bisa dapat
beli dimana-mana tempat. Kalau
dapat beli tjap

MALIOBORO

DJOKJA

„RATHKAMP”
tanggong beli jang paling baik.
Djaga tjap „RATHKAMP”
dan „ERCEE”

DJOKJA

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

TOKO H. SPIEGEL

MALIOBORO 17
DJOKJA.

MAGAZIJN VAN

LUXE - en HUISHOUDELIJKE
ARTIKELEN

KINDERWAGENS - SPORTKARREN
KINDERSPEELGOED

THEESERVIEZEN, 16 deelig f 5,75
GASOLINE - LAMPEN. f 12,50

PERSATOEAN „DAGANG” POETERA
INDONESIA.

Anggoer obat „SERRAVALLOS” per botol harga f 3,50
peti isi 24 botol harga f 75.-
(kalau beli 3 sampik 5 peti korting 15%, 6 sampik 10 peti korting 25%).
Tjokak bibit boeat makanan a botol 250 gram per peti isi 50 botol harga f 7,50
a 1000 24 f 15.-
boeat Rubber-onderneming atau lain-lain a botol 20 Liter harga f 35.-
Ketjap Njaman per losin botol bier tengahan moelai harga f 1,80 sampai f 18.-
per blik menjak tanah isi penoeh f 4,50 sampai f 45.-
Aromatische Mondpillen per fl. kira 60 glinding poetih perak per 100 fl. harga f 9,60
Mondtabletten „SEN SEN” per pak f 10 per doos isi 120 pak f 9,60
Menjan moelai harga f 40.- per peti sampik f 200.- per peti kira berat 65 gram.
Rokok daon aren, Sigaret, rokok klobot, kretek sigaret dan roepa-roepa sroetoe
diempolan harga moerah barang baroe en baik, pesen kirim oewang atawa reimbours.
Brambang timoer, Brambang biasa No. 1 No. 2. Bawang poetih, kofie bidjie, kofie
boeboek dalem kaleng menjak tanah a 20 kati ada No. 1 No. 2 No. 3 dan 4.
Goela pasir merah, poetih, batoe. Thee Java, goela aren, padi boelo, gabah tjeree,
beras, kedelele poetih, item, katjang idjo, tepoeng katjang idjo, tepoeng casave, Ajie,
djoega beli roepa-roepa botol kosong bekas bier jang ketjil atawa lain botol jang
samanja botol bier, lebih soekai pantij jang besar.
Djoega beli banjak botol - botol tjokak dari 250 gram sama 1000 gram, botol aer-
blanda atawa Limonade atawa botol jang samanja itoe djoega.

Vertegenwoordiger di Singapore: Messis „BUMIPUTRA” Company 14 Prinsep Street.
Vertegenwoordiger di Sumatra: A. DJASARIDIN Drukk. „Tapatiannaoli” SIBOLGA.
Vertegenwoordiger Borneo: INL. AMBT. BOND BA- RABEL dan koetische Sarioeng Weverij, Samarinda.

IMPORTEURS & EXPORTEURS di JAVA
SASTRAMIHARDJA
Padjagalanweg 67
BANDOENG.

N. B. Lengganan jang setia pembajaran tempo dalem tiga boelan mesti stor oewang.

M. v. BIENE.



Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran
Swarā Tama

dapat POTONGAN.

Baroe terbit:

PELADJARAN MEMEGANG BOEKOE DAGANG

Karangan GOUVTS ACCOUNTANTDIENST

dikeloearkan oléh:

BALAI POESTAKA - WELTEVREDEN.

Kitab ini baik sekali oentoe peladjaran bagi saudagar - sau-
dagar ketjil. Tjontoh-tjontohnja lengkap dan terang; keterangan-
keterangannja moedah dipahamkan, semoea diambil dari kedja-
dian jang sebenar-benarnja.

Harganja soedah tentoe moerah sebagaimana segala boekoe
keloearan Balai Poestaka, jaftoe f 0,80.

BATJALAH SOERAT BERKALA „SRI POESTAKA”
(1 x seboelan) DAN „PANDJI POESTAKA” (2 x seminggoe).
MINTALAH DAFTAR KITAB-KITAB!

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.30-8.30	Lamah 5.30-6-8	Pekalongan 7.30	Soerabaja:
Amboina 7.30	Lawang 7	Pemalang 7.30	Kepandjen 6-7-9
Bagan Siapi-api 7.30	Madioen 6-7.30	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6-7.30-9
Bandoeng 6-7.30-9	Magelang 7-9	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6-7-8.30
Benkoelen 7.30-9	Makassar 6-7.30	Poerworedjo 7-8.30	Tandjoeng Balai 7.30
Blitar 7.30	Malang 6-7.15-8.30	Pontianak 7-8.30	Tandjoeng Karang 8
Buitenzorg 6-8	Manado 6-7.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30
Cheribon 7.30	Medan 6.30-8-8.30 (tjina)	Salatiga 7.30	Tara-Tara 7.30
Djember 7.30	Medari 7.30	Sambas 6-8.30	Tegal 7.30-9.30
Djokja:	Meester Corn. 7-9	Sambong 8	Tering 7
Kampementstraat Eur. 7-9	Mendoet 6-7.30	Sawah Loento 7-8.30	Tjilatjap 7.30
Jav. 6-8	Modjokerto 6-8	Sedajoe 7	Tjimahi 6-8
Kota Baroe 6-7.30	Moentilan 5-6-8	Sedjiram 5.45-8.30	Tomohon 7-8-9
Djombang 7.30	Muntok 8	Semarang 7-9	Wates 7
Fort de Kock 7.30	Ngawi 7.30	Gedangan 7-9	Weltevreden:
Gandjoeran 7	Padang 7-8.15-9 (tjina)	Bangkong 6.30-8	Waterlooplein 5.45-7-9
Gombong 7.30	Padang Pandjang 7.30	Tjandi 7	Kramat 6-8-9 (mal.)
Keboemen 7.30	Pajakoembo 7.30	Randoesari 7	Wonosobo 7.30
Kediri 7.30	Palembang 7-9	Singkawang 6.30-9	Woloan 8.30
Klatèn 7.30	Pasoeroean 7.30	Soekaboemi 6-7.30	
Koeta Radja 6.30-8			

1) 1e. Achad. 2) 2e. Achad. 3) 1e., 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad.
4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 6) 2e., 4e. Achad. 8) 4e. Achad.

Djepang, Tjina enz. enz. sami pating galibrah wonten ing tanah rah kita si bagoes Indonésia! Wonten ingkang ngedegaken pabrik roepi-roepi, onderneming warni-warni, jejasan néka-néka, panggaotan, dagang tanpa wilangan.

Hochseenezwerke A. G. Itzehoe kepéngin sambet firma-firma ing riki kanggé ndatengaken djala-djala pamisaja oelam, nandakaken misaja oelam ing Indonésia oegi boten kagolong alit.

Carl von Feld, Fabrik für Fahr- raad - Sattel & Taschen pados we- wakiling ngriki soepados njadèk- aken lapak pit (zadel spéda).

Benz & Hilgers, Düsseldorf Mun- sterstrasse 246/50, ngoepados a- gent-agent ingkang poeroen njadé mesin peroesahaan soesoe lan mer- téga.

Albert Markmann & Co., Schliss- fach 42 pados sambetan lan soe- dagar-soedagar ing negari kita, kanggé njadé katjoe kertas (seper- tines en confetti).

Mahling & Co., Stettin nijat damel sambetan lan firma-firma import ngriki kanggé njadé pedangan mri- pat D. R. G. H. (katja mata?).

Hruse, Hess & Co, Hamburg, idem ingkang poeroen exporteer oerang garing (kanggé pakaning kéwan ngrika).

Lan taksih katah malih toenggili- poen. Dalasan Amérika idem besaae; Samuel Lewin West Ninth str.: ing Los Angeles kepéngin sambet para exporteurs ngriki ing dagangan ka- poek (kupas of randoe) lan klapa.

Pranjata Indonésia ma' moer, na- nging Indonésiers kodjoer! Mea culpa!

Provincie Djawi Tengah.
Provincieraad Djawi Tengah war- ganipoen 51: ingkang 23 bangsa Walandi, 23 bangsa Priboemi, ing- kang 5 bangsa sanès dédè Walandi.
Warga-warga samanten waoe

wonten ingkang kabenoem, wonten ingkang pinilih. Ingkang dadosipoen warga sarana kapilih, toemrap warga Walandi: 14, Priboemi 16, warga bangsa mantja dédè Walandi: 3; sanèsipoen sami kabenoem saking nginggil.

Warga Priboemi 16 ingkang da- dosipoen sarana kapilih waoe, pa- milihipoen kabagé-bagé: kiezers Tegal milih warga 2, Pekalongan 2, Semarang 2, Koedoes 1, Rembang 1, Blora 1, Banjoemas Lèr 1, Banjoe- mas Kidoel 1, Wanasaba 1, Kedoe 2, sarta Begelèn 2.

Koninklijke Petroleum
Maatschappij.

Kaseboet wonten jaarverslagipoen Kon. Petroleum My. salebetipoen taoen 1928 angedalaken lisah goeng- goeng kempal wonten 22.063.000 ton, mangka kala taoen 1927 na- moeng 16.988.000 ingkang wedalan Indjia 3.971.000 ton.

Maatschappij waoe badé ngedeg- aken pabrik-pabrik tjaket kalijan papan lisah patra wonten poendi- poendi, poenapa déné inggih badé mabrik raboek damelan.

Postspaarbank.

Begrooting kanggé taoen 1930 angindaki wedaling arta ing kal- langan pakarjan spaarbank tjatjah- ipoen f 27.800 kanggé blandja sarta f 1800 kanggé standplaatstoelage. Anggènipoen kaindakaken waoe margi tjatjahing tijang njèlengi bangsa Priboemi saja dangoe saja mindak mila inggih ladjeng kedah angindaki tjatjahing poenggawa.

S. S.

Salebetipoen taoen 1928, pakar- janipoen S. S. sadaja angsal arta bruto: f 83.043.970, kala taoen 1927: f 79.956.775, dados mindak f 3.087.895, oetawi 3,86%.

Netto-saldo toemrap taoen 1928 wonten f 26.273.937, kala taoen '27 wonten f 24.644.102; dados mindak f 1.629.795 oetawi wonten 6,61%.

Arta papadjengan kartjis sale- betipoen taoen 1928 wonten f 24.532.198, mangka kala taoen '27 wonten f 25.593.443, dados soeda f 1.061.245 oetawi wonten 4,15%. Anggènipoen soeda waoe margi dajaning montor bis. Ingkang ma- katen waoe kosok-wangsoel kalijan arta pamedal saking anggènipoen ngewrati barang-barang, awit arta saking poenika toemrap taoen 1928 saged langkoeng f 3.695.538 katim- bang kala taoen 1927.

S. S. inggih sampoen boten ki- rang-kirang anggènipoen ngréka- ngréka soepados momotanipoen ti- jang boten kawon desoek kalijan bis sarta taxi sarana ngedakaken tarifé Iss. Katjarijos, samangké tak- sih pinikir malih sagedipoen nge- dakaken regining kartjis malih, poenapa déné ngéwahi tatananing bangkoe palinggihan tjalon kanggé malang sadaja boten ladjoeran.

Onderwijs ing taoen 1930
toemrap sakolahan ambacht.

Kaseboet wonten begrooting taoen 1930, Nagari badé ambikak:

- a. Sakolahan ambacht babagan tosan satoenggal, kalijan ambacht- leergangen kalih.
- b. Koersoes sopir kalih.
- c. mBikak afdeling tosan sa- toenggal.
- d. Parallelafdeling kanggé ing- kang saged tjara Walandi.
- e. Koersoes kanggé èlèktris.

Margi badé jasa makaten waoe nagari anggènipoen angedalaken ragad kanggé goeroe kalijan piran- tos tjalon: f 90.800.

Tjatjahing sakolahan doesoer ga- dahanipoen Nagari wonten 12.050, poenika sampoen kapéngan kalijan pamoelangan doesoer ing Atjih. Dipoenangkah sageda salebetipoen taoen 1930 angindaki sakolahan doesoer waoe tjatjahipoen 450.

Margi makaten waoe inggih la- djeng betah dateng indaking koer-

soes kanggé goeroe doesoer. Sale- betipoen 1930 kaangkah sageda ngedegaken koersoes goeroe doe- soen: 20.

Int. Oost Aziatisch
Onderwijs Congres.

Ing akiring taoen 1929 poenika, Ind. Onderwijs Congres badé nga- wontenaken gedelegeerden vergade- ring. Tetijangipoen sami angadjeng- aken wontening Oost Aziatisch On- derwijs Congres. Kadjawi poenika badé neda lantaranipoen pakempal- an-pakempalan ingkang misoewoer ing saindenging tanah Indonesia, soepados saged gandèng kalijan pakempalan-pakempalan ingkang angrembag onderwijs oetawi ing- kang lalawanan kalijan onderwijs.

Gandèng kalijan poenika, badé dipoenwonteni internasional corres- pondentieblad ingkang redactieni- poen kanggé sawetawis wedkal manggèn wonten Indonesia ngriki.

Kasangsaranipoen tijang
boten mangertos seratan.

Sampoen kalampahan wonten ti- jang ngapoési tijang doesoer nga- poesaken lot Pa Van der Steur dipoenakenakan lot ingkang kage- boeg nembé poenika. Ingkang di- poen apoési kantja doesoer. Tjrijos- ipoen djoeroe apoés ngapoési lot waoe manawi wonten kita regini- poen sampoen f 15, margi selak badé kagebag. Nanging manawi pijambakipoen poeroen njadé lot waoe namoeng kanti regi f 10. Tijang doesoer waoe mawi katerang-te- rangaken manawi begdja saged an- sal arta f 150.000. Rèhné kabéloek kepéngin soegih dadakan inggih la- djeng poeroen toembas sasarengan kalijan kantjanipoen kalih lembar... Nanging sareng lot waoe katedaha- ken tjarik doesoer saweg mangertos manawi kènging apoés, margi lot poenika sampoen boten kanggé... Hem, inggih akalipoen tijang pa- dos arta makaten! tegel kémawon

ngapoési bangsanipoen ingkang tak- sih bodo.

Fonds anti lintah darat.

Poenggawa P. T. T. tijang siti ing Soerabaja wonten ingkang ngedeg- aken fonds kanggé njegah wontening djiretan saking toekang potang, sarana Fonds waoe njamboeti arta dateng warganipoen kanti anakan mirah. Fonds poenika waoe oegi ngiras spaarkas. Kaangkah mana- wi arta sampoen tjepak, badé noem- basaken grija kanggé para wargan- ipoen... Ingkang kènging dados warganing fonds waoe namoeng poenggawa P. T. T. ingkang golong- an tengahan kalijan andap.

Soematra Kilèn.

Ingkang Wadjib sampoen anetep- aken paménganipoen tanah Soema- tra Kilèn dados nem afdeling ka- dos ing ngandap poenika:

1. Afd. Padang, pengagengipoen A.R. manggèn ing Padang, kapéngan dados tigang onderafdeeling: Pa- dang, Pariaman, kalijan Poelo-poelo Mentawai.

2. Afd. Korintji-Painan kabawah Ass. Res. manggèn ing Soengaipe- noeh, kapéngan dados kalih: Korin- tji-Indrapoera kalijan Painan.

3. Afd. Agam, kabawah A.R. manggèn ing Fort de Kock, kapé- rang dados sakawan i.p. Agam lami, Menindjau, Loeboek Sikaping kalij- an Ophir.

4. Afd. L. Kota, kabawah A.R. manggèn ing Pajakoemboeh, kapé- rang dados tiga: Pajakoemboeh, Sa- liki toewin Bankinang.

5. Afd. Tanah Datar, apengageng A.R. manggèn ing Padang Pandjang, kapéngan dados tigang onderafdeeling: Batipoeh, kalijan Koto, Fort van der Capellen, Sidjoengdjoeng.

6. Afd. Solok, kabawah Ass. Res. manggèn ing Sawahloento, kapé- rang dados sakawan onderafdeeling: O. Sawahloento, Solok, Alahanpan- djang toewin Moearaalboeh.

poen Jhr. mr. Ruys de Beerenbrouck. Koela bingah, Perhimp. Ind. sampoen ngemohi Stokvis, pijambakipoen kaanggep sami kados déné Colyn, nanging djeboel, t. Stokvis goemoen, déné Perhimp. Indonesia sampoen kapoelas comm. looo kados-poendi poenika mangka ingkang ngingten Stokvis sanès Colyn dados langkoeng damang ing prakawis poenika. Labour partij ing Inggris poenika, inggih kaanggep dados panoenggilanipoen: kaoem Soc.

Toean Thomas, satoenggiling tiyang ing partij ngrikoe, tjrjos bilih: poen Labourpartij saged koewas, soemedya badé ngentjengaken gandèngipoen Inggris lan Kolonie-ni poen, lan soepados sok tiyanga saged ngoemoekaken: (trottsch zijn). Middendorp, Soc. Ind. soemedya badé ambibrah — énggal-énggalan, lan bab kolonie makaten poenika, babar pisan boten moepakat. consolidatie — liquidatie. trottsch — vol verachting. mangga, kados-poendi poenika lo, kok béda ?

Tw. Albert Thomas, partij genootipoen, nalika mriki, wah dipoensoeba-soeba. Pijambakipoen sagah nampi nota-nota, interview, lsp.; sa-èstoe, kelampah dipoensegah: P. S., heerendiensten, lan artikel 153 bis ter, art. 161 bis. Wah bangsa Soc. mantep-mantep! djeboelaé djemblièék pangalempoent dateng pangrèh kolonie wah sanget — o boten ngalem ta — ngandakaké apa benéré !

boten wonten P. S. kedah itjal sanalika boten barang, destoen namoeng kedah itjal — salaras lan kawontenan, ingkang gegandèngan dados alon-alon. lo, béda malih ! malih, t. Ab. Thomas tjrjos, ngakeni bilih pandjanganing para kaoem berah Christen, dados inggih dedasaring agami Chr., poenika, satoenggiling pandjanga ingkang djedjeg, adil lan kanti katresnan. lo, béda malih kalijan panganggepipoen para Soc. ing ngriki lan ing pangénan toekipoen (Nederl.) Ngakeni oegi, tjrjos, bilih dasar-dasaring Int. Arb. Bureau poenika plek sami lan ingkang kamot wonten ing nawala: Rerum Novarum. é é é é é !

Pahargjan 1 Mei reresah ingkang kelampah ing poendi-poendi, nélakaken bilih Soc. sanès papan panggoesening kaoem berah, wangsoel papan moengel-moengel. Soc. mila saèstoe moenggoeh dados anak-ing comm. Malah poen nasionalisme sok kénging oetawi poeroen dipoenpendet mantoe, awaas!! Het zal wel nog eenige tientallen jaren duren alvorens de Indonesiërs de koloniale politiek der Soc. Dem. zullen begrijpen ! mangga dipoenbedé poenika! noewoen: CORDEEKA.

Terang-terangan. Raka Redacteur! Réhné ingkang badé koela sami ateraken poenika prakawis preloe sanget, boten langkoeng koela njoewoen sih palimirma pandjenengan, kersaa maringi papan wonten ing Sw. Tm. ngriki. Sadèrèng sasampoenipoen koela sami ngatoeraken goenging panoewoen. Ing Sw. Tm. no. 20 tg. 28 Juni 1929 katja 3 wonten akarangan ingkang asesirah „Prihatos.” saha dipoentanda asmani prijantoen adjedjoelok Mertogati. Karangan waoe ngénging sanget dateng: 1. poen djenat? P. P. K. D. tjabang Banjoemas. 2. sedèrèk Soenardi. Saraséhan wonten ing koran poenika boten badé saged rampoeng, sampoen malih poetoos; djer sa-

3) Sampoen djenat? Menawi sampoen djenat. Red.

toenggal lan satoenggalipoen kirang mangertosipoen (mekaar begripen). Ingkang poenika moerih gambalangipoen saha boten adamel koe-woering ngakatah, sang bambang Mertogati koela atoeri² ngwontenaken Openbarevergadering,²) mligi ngrembag prakawis awon lan saénipoen³) Banjoemas Initiatief kanggé ngwontenaken Openbare-vergadering poenika koela pasrahaken dateng pandjenenganipoen bambang Mertogati. Manawi pandjenengan kersa adada bab wontenipoen Openbare vergadering waoe, pandjenengan adamel:

- 1. bingahipoen ngakatah, ingkang taksih bingoaeng prakawis pedjahi-poen P. P. K. D. tjabang Banjoemas.⁴)
- 2. tjetanipoen jèn tradjangé Hoofdbestuur P. P. K. D. poenika sampoen leres lan resik.⁵)

Woesana sanget ing pangadjeng-adjeng koela sami dateng paring pandjenengan poetoosan. Poerwakerta 5 Juli 1929.

- 1. Soenardi.
- 2. P. S. Atmosoedarma.

Ngeloos poenapa njlekit. Soembangan saking Brama).

Ing Obor katja 13 no. 4 poenika metik kabar saking Darmakanda, ingkang mratélakaken, bilih ki Adjar Déwantara (hml) badé mahas-ing-asepi, nilar pawijatan Taman Siswa. — Pametikipoen ladjeng dipoenboemboni makaten: „Saking pamawas koela ki Adjar sampoen pinten-pinten taoen angéngipoen njepeng pergerakan, ing mangké djaman sampoen santosa. Ki Adjar sampoen kesepoehen kanggé para nasijonal, para ahli politiek, ananging kenèmen kanggé para sepoeh, ki Adjar dipoenadjak kados tjaraning moeda, madjeng tjara djaman sapoenika, mangsa poeroena,” lan sapitoeroetipoen. — Tjekakipoen: Obor mèpètaken jèn ki Adjar dawah keslempit; jèn toewa: kenomen, jèn enom: ora matoek.

Lo kok semanten; Obor kalijan Taman Siswa rak tangga, éwasamanten djiwitanipoen kok melok temen; malah wonten ingkang moengel: „Mangsa poeroena amboetjal gamelanipoen. ki Adjar sampoen patoet tengga grija momong raré-raré, dipoenpoendi², enz. enz.” Tjekap samanten kémawon, ingrikoe terang; bilih boten sadaja kaoem nasijonal ngoermati aksi Taman-Siswa.

Bakoel kalijan politik. (Soembangan saking Brama).

Koela loemebet ing kedoeng pergerakan, dangoe-dangoe kok goemoen; goemoen koela waoe makaten: kantja sami kantja kerep slentikan pijambak; liripoen: kala roemijin Parada Harahap, djempolan bakoel koran, mastani: jèn para djempolan priboemi sami ngetjèh-etjèh kekijatan, katanda saking angéngipoen sami ngedalaken koran pijambak-pijambak: Obor, Djanget, Persatoean-Indonesia, Persatoean Moeda Indonesia, Timboel lan bangsa Ra'jat oetawi Indonesia sanèsipoen malih, malah terkadang: saenggèn gadah organa langkoeng saking satoenggal,

- 2) ladjeng poenapa tegesipoen damel openbare vergadering?
- 3) Awon-saé karembag openbaar! Sinten ta poeroen ngakeni awonipoen wonten ing openbare vergadering? Poenika mangké dadosipoen rak inggih kados ingkang kangendikakaken nginggil „boten badé saged rampoeng!”
- 4) Prijantoen, ingkang katah-katah saking golongan kita Katholiek, kados sampoen boten bingoaeng.
- 5) Rembagan kalijan Bestuur poenika ingkang prajogi pijambak tjara tjabang rembagan satoenggal sami satoenggal (overleg) boten tjara paben (dispuut). Dados menawi badé lantaran overleg, meksa: tjabang Banjoemas kedah kagesangaken malih; jèn boten makaten, poenapa H.B. saged adjeng-adjengan kalijan Banjoemas? — Nanging kados-poendi, tjabang djanggalan lelanjangan kalijan H. B. toemrap Banjoemas, Banjoemas kedah minangkani panedangan communiqué!

Tjebi koela atoeri manggali, angéng koela tjaoes oedoe sapala poenika. Red.

kadosta: Jogja, Soerabaja gadah pijambak, Betawididem, Sala sami kémawon, Bandoeng tiroe-tiroe. Harahap, sabèn Ir. oetawi Dr. of Mr. gadah otak-otak pijambak, alijas gémbolanipoen oegi warni-warni, sanadjan ta glagadipoen sami!

Parada Harahap soemerep makaten poenika: boten seneng, tjekak: afkeuren. Ingkang dipoenlomot, gentos ndjotak; kabar: ing Gedoeng Pertemoean Ra'jat Indonesia boten soedi maos koranipoen sang bakoel Harahap. — Malah kabar: Harahap kadakwa perkakas kaoem sana! — Wadoeh, term satoenggal poenika wangoenipoen kok obat nomer satoe: — perkakas kaoem sana — sadjaké kok wis entèk-entèkan, leteg, éliek! — Déné koela, Brama, wontenipoen namoeng ndongong, batos koela: „Kaprijé iki? Sapa sing bener! sapa sing loepoet?” — Sadaja-sadaja wonten èmpèripoen. Namoeng ambak-ambak koela mbatas: „Glagadé kok rada njara negara Tjina, sabèn Djéndral madeg déwé.” — tandanipoen: teksih manembah ing: eigen ik, angga pribadi.

Oepami sadaja — r, — r, waoe koranipoen katjakoep, kadadosaken „trust” satoenggal, rak saé. Boten pating sloewir: kéné njènèng kono, kono ndoedoe kana-kana njogok: ngriki.

Harahap kadakwa kaoem pamarentah, tjrjostpoen inggih wonten tandanipoen. Namoeng koela boten lega saèstoe: manawi srana kanggé ndoedoe kawoela, mawi ndoeleg kawoela bagéjan sanèsipoen. Kadosta tjrjostpoen bangsa nasijonalis kala konggrès, wonten ingkang moengel: „Moga-moga jang tidak memberi derma boeat keperloean ini disamber bledèg!” — Lo, rak boten édi ta poenika? Lan salebeting boten édi waoe, rak mawi wonten isinipoen: sija lan woeroe.

Menawi tanah Djawi katjepeng pengandjoer ingkang kirang édi makaten poenika, rak ngalamat: sepalih gesang, sepalih belang.

Saminipoen malih: oemoemipoen pergerakan nasijonal sapoenika ingkang kapengkok: étjénanipoen! Lo, rak boten resik ta poenika, kok boten nuchter; ngrembag alandesan logica samesinipoen.

Wiwit Mr. Singgih bantah kalijan Dwidjaséwajan, étjénan waoe semoenipoen dados sendjata tjakra. „amenangi djaman édan” lo, kok semanten manah koela, kémoe-tan larikan ing kala-tida.

Manawi Mr., Dr., Ir., waoe nggali èstoe bab pangentasaning bangsa; mangga; nanging sranaipoen ingkang resik, aloes, édi, sampoen nilar gagasan wening lan adil. Sampoen nasaraken bangsa; sampoen ngantos ngojak aplaus srana ngétjé, memberi étjénan — (Djanget no. 24) — ngantos noetoepi prakawis perloe.

„Wong ambek djatmika kontit” — lo rak memelas, dados boten adil namanipoen.

Tijang-tijang alit, volk, poenika manoesan, gampil katarik srana barang rémèh „srana étjénan — nanging manawi pakarjan ingkang dedasariipoen makaten waoe badé getir, badé ambrol, badé katah ingkang nandang kasoesahan! — ingkang ada-ada moegi sampoen sélak.

Menawi oenoesianing kawoela kémawon kados makaten tindak lan akalipoen, gèk kados-poendi badé tindakipoen klas-klasing kawoela ingkang langkoeng andap lan ingkang andap pijambak?

Resik! prijantoen, manawi kersa soepados anak-poetoe manggih tentrem, boten badé koetah rahing sadèrèkipoen pijambak.

Dados émoet, éling, sampoen angasaraken beoedèning kawoela. Verpleger sami dangsah kalijan verpleegster pandjenengan doekani (Obor no. 4). — ladjeng bab tindak lan pangoetjaping para panoentoen? — Adil!!!

Ta, rak angèl ngresiki slira pribadi

I Bang bintoeloepat, ning abrit sadaja, (Wawaroeoentoe, Wentoe, Kamou, Mohamad-salèh). Serat² kabar boten sepi martosaken ndjedoele-mendelep ing pokal kominis, ingkang sampoen kawartosaken leboer ing taoen 1926. Mentas ramé-dados-rembag lelanjanganipoen Moskou lan Djawi, margi gandèngipoen Samaoen kalijan sad. ing ngriki, lan dèrèng sirep koe-mandanging kabar sad. Menado Wawaroeoentoe poenapa Wawaroeoentoe poenapa Laraoentoe, kalijan Wentoe, (kalih-kalihipoen kèngkènan Moskou), ketjepeng ing Betawinan, katoengka-ketjepengipoen sad. Kamou, oegi Menadonees, oegi sampoen naté wonten Moskou, oegi sampoen naté wonten ing Universiteit, oegi kèngkènan Moskou, poenika wonten kabar malih sad. Batak (gentènan, kok èhl), Mohammad Salèh, inggih sineboet Lobang Todong, inggih Moelia (nama wonten Moskou), ketjepeng ing kaempoeng Sawah-besar (Betawi). Katiti priksa, djeboel toenggil kaliber kémawon kalijan sad. tiga waoe; malah semoe-semoenipoen kaliber langkoeng ageng: 5 taoen wonten ing Moskou, 3 taoen wonten ing Universiteit ngrikoe ngiras toemoet koersoes, koersoes mropagandakaken Kommunisme ing ngamantja-nagari. Mriki pikantoe komando njekoki sadèrèkipoen-ing-Indija mawi djamoebagolan Roeslan, kawiwitana saking Betawi. — Kok Betawi-i-i-i — wae! Èstoe dateng Betawi, èstoe ketjepeng, mbokmanawi, èstoe dateng Digoel. Lha ming arep tindak nDigoel wae ndadak metoe Moskou Apa: alle wegen leiden naar Digoel? — Jèn sampoen doemoegi? Roeslan madosaken kantja malih! Djenèh kok poeroen dados pirantos, pirantos dados toekang Emigratie-tanpa-kawerek! Betahipoen pijambak taksih katah, kok ndadak ngrentjangi pak Roes! Poenapa kainten Roes sepi-ing-pamèlik damel propaganda Kominis mriki??

Il Stokvis. Sanadjan tw. Setok roemijin sanget pambombongipoen dateng sad. nasionalis ing ngriki, éwasamanten klintoe, jèn ta kawastanana, bilih haloean S. D. A. P. njaroedjoeki dateng idam-idamanipoen sad. nasionalis „lepas dari Belanda énggal-énggalan”, djer wonten ing kring S.D.A.P. poenika dipoenwastani barang mokal.

Pramila boten nggoemoenaken bilih nalika Perhimpoean Indonesia (ing Nederland) ngwontenaken parepatan lan tw. Setok kasedahan, kapoerih sesorah bab „social-democratie lan Koloniale Politiek,” wèkdal débat, manoe temboengipoen tw. Setok pijambak, telas kanggé débat sad. Indonesia, ingkang sami nabrak Soc. dem. lan tw. Setok pijambak, malah boten namoeng mandeg ndébat, wangsoel malah mawi melèh-melèhaken toewaniipoen pijambak sahaleoanipoen pisan; ngantos tw. Setok mastani, bilih tandang lan pandébatipoen kaoem Indonesia waoe boten-béda-saramboet kalijan

Katoer sadèrèk Redi Séla.

Wijosipoen, ing ngriki koela badé nanggapi goebahan padjenengan ing Sw. Tm. no. 9 ingkang ing nginggil mawi tetenger: „Téga tenan pa pijé!” Déné perloenipoen angéng koela njambeti poenika, soepados; sapisan, sadèrèk Redi Séla ingkang sampoen djadjah poenika mindak djadjahipoen lan langkoeng premadi; Kaping kalih: Soepados sadèrèk sanèsipoen sampoen énggal-énggal djadjabang awinga-vinga, jèn mireng sadèrèk Indonesia ngandikan mawi basa Walandi, sampoen doeka kados sadèrèk Redi Séla. Kaping tiga: Soepados poen Tjoebloek sampoen énggal-énggal roemaos dipoen-rémèhaken, dipoentjetjengring, jèn wonten sadèrèkipoen ingkang ngandikan mawi basa Walandi wonten

tijang kominis (onweersprekelijk verwant). Toewan Setok gèdèg lan gèdèg ngraosaken isinipoen Indonesia Merdeka (orgaan P. I.) ingkang tw. St. mastani: „Tembong ora santesé (ongerechtaerdigd) lan ngemoe wisa” Ha ra ta, poendi ingkang kapoesan, nalika Studieclub mangargya tw. St. ngadjengaken pangkatipoen dateng Nederland, mawi ringgit tijang, lampahan Wibi-sana? Arja Balik, kèmoetan Ki raka Patjar? Tw. Wybrands malah njambat nggambar tw. Mens kapoerih meta Wibi-sana asirah Stokvis, pleg kados ingkang gagambar ing serat „De Volksraad”?

b Tw. van der Plas. Poenika prijantoen waarnemend Adviseur voor Inlandsche Zaken, roemijin consul ing Djeddah: kakabaraken dados sampoen Islam. Wonten satoenggiling parepatan P.S.I.- èngget koela ing Bandoeng- sampoen naté, nalika mlebet gedong parepatan, kagarebeg ing padvinder P.S.I. tinampi kalijan bingahing para ngempal.

Toewaniipoen poenika mentas ngatoeraken rapport dateng ingkang Witjaksana mawi „lok-éling” P.N.I. Makaten Het Nieuws angéngipoen ngabaraken. Teroesipoen: tw. v. d. Plas pijambak ing parepatan P.N.I. ingkang dipoentengani, woengsawangsoel kapeksa mangertosi kirang-sakétjaning toedjoe miwah idam-idamanipoen pakempalan poenika. Pangèrèh sanget boten njaké-tjakaken dateng P.N.I. djalaran margi „melèking” Bestuur, langkoeng-langkoeng Bestuur prijantoen priboemi lan politie, sampoen saged kasoemerepan kanti tjeta, manggah ingkang kakadjengaken déning P.N.I. ing tembé wingking, nanging béndjing poenapa angéngipoen badé moedjoedi dèrèng kasoemerepan Lho, iki tenan, apa moeng dakwan-dakwan? Ma'loemat P.P. P.K.I. katandan R. Soetomo lan Anwari, Juli 1929, poenika katingalipoen kok boetarepan sanget kalijan kabar nginggil kasboet! Gèk ndjedoelepoen kémawon nama noenggil mangsa! Éwed, angéng koela ngraosaken. Koela mangertos, bilih Het Nieuws kalijan sad. nationalist sampoen dangoe adjeg sami tabrak-tabrakan. Endel-endelen poenika tinadak kirang prajitna; pramila koela namoeng badé ngénggetaken sadèrèk koela Katholiek pijambak: poma sampoen ilon-ilonen dateng senès golongan; kita boten badé ngrémèhaken dateng sanès, nanging poenika boten teges: bilih kita ladjeng toemoet-toemoet, noemoeti salah satoenggal; boten babar-pisan. Kita sampoen gadah ingkang kedah koela toemoeti i.p. P.P.K.D. lan P.K.W. Menawi kalih-kalihipoen kamanah taksih kaliten, lha inggih dipoenagengaken! Tjajah kita saweg sakedik; gadah pakempalan kados makaten, kados sampoen kénging dipoenraosaken.

ing ngadjengipoen. Tjekakipoen soepados samia roekoen. Angéngipoen katah para sadèrèk Indonesia ngandika mawi basa Walandi wonten ing sepoer, ing pakempalan, ing pasamoean, ing margi-margi poenika wonten sebab-sebabipoen: 1. Margi sami sanget angéngipoen ngoedi basa Walandi; a) soepados saged gampil pados teda; ing djaman sapoenika ing tanah kita, basa Walandi ingkang saweg padjeng lan dados dedamel, tandanipoen, jèn badé njamboet-damel poenapa kémawon, teka kerep mawi dipoen-pitakèni, poenapa saged basa Walandi. b) soepados saged gampil angéngipoen ngangsoe kawroeh ngamontja ingkang kaserat mawi basa Walandi, (kawroeh-kawroeh ingkang kaserat mawi basa Indonesia taksih sakedik, lol). La rak

PRAMILA.

PANOENTOENING LARÉ.

Sambetipoen Sw. Tm. no. 20. toet, sok-sok adamel koetjeming tiyang sepoeh, ing ngrikoe tijang sepoeh bingoaeng; manahipoen soepeg, gidoeh, soesah, terkadang langkoeng soesah katimbang larénipoen ingkang pinoedjoe béka. Tijang sepoeh manahipoen djibeg; kèwedan sanget boten ngretos poenapa ingkang badé linampahan. Laré kelampahan dipoen-gebagi, nanging andjempling-djempling, sambatipoen ngaroe-ara, tijang sepoeh manahipoen oewas, deleg-deleg getoen déné ngantos mara tangan. Manawi tindakipoen tijang sepoeh kados makaten, kados-poendi sagedipoen kalampahan laré angsal didikan ingkang prajogi. Anggoelawentah boten nganggé anggitit oetawi ngoekoem ingkang kraos ing

bokong, boten saged dados saé wasananipoen. Laré dipoenenoet ing sapikadjengipoen kémawon, tamtoe mokal sagedipoen dados saé. Liripoen andalan, awit poenika kedah asring dipoentedahaken ingkang leres. Srepeg taberi ing damel, awit poenika kala-kala betah dipoen-awat-awati. Kekentjenganing pika-djengan, awit poenika betah goe-goelangan, asring njegah ingkang étja sakétja oetawi poeroen nglampahi ingkang boten dados senenging manah. Saweg nagari kémawon nganggé ngwontenaken poenggawa kapoelisèn samanten, soepados tiyang-tijang boten nerak angger-angger, oetawi ngawontenaken sekoel-oepsiner oetawi Inspèktoer samanten katingah tjatjahipoen, soepados sami nglampahi wadjab, samangké poenapa saged saé laré namoeng dipoenombar, manoe sapikadjengipoen pijambak.

Ing djaman samangké ingkang dipoenoeidi inggih poenika réka-daja ingkang anggampilaken laré-laré sami sinaoe. Ngèlmoe panoentoening goeroe nranani nganggé réka warni-warni. Kadosta: dolanan sinambi étang. Ningsali gambar sarta sinaoe. Ingkang makaten waoe saé sanget. Ananging kedah dipoenmoeti oegi, manawi laré kedah katoentoen sampoen ngantos adjrih kangélan, boten wegah pandamelan rekaos, awit sadaja ingkang nganggé ngoelir boedi toemindakipoen boten kénging sasekétjanipoen. Ngoedi moerih indaking kasagedan, soepados ketjepeng ingkang dipoenesdja, poenika kedah poeroen ninitèni. Manawi pangodi waoe kendo, kedah kabantoe ing kekentjenganing kanjatan. Ingkang nanggoelang raos djelèh adjrih rekaos waoe. Sagedipoen kèngkènan kanjatanipoen, kedah ngoelinakaken asring njandet ingkang

dipoensenengi, sarta nglampahi poenapa ingkang kirang dipoen-senengi. Samangsa laré adjrih rekaos, tamtoe boten badé saged madjeng pasinaonipoen, agengipoen dados kados ingkang dipoen-gadang-gadang ing djoeroe pamardi séwaja. Sampoen bangsa kamokalan, laré saged dados prawira, peng-pengan linangkoeng ing sesami, manawi boten naté nampi paoekoeman. Ingkang limrah laré poenika kirang pamahipoen dateng poenapa ingkang badé dateng, gagasan dinten wingking poenika prasasat boten wonten. Barang ingkang tjinipta sarta lebeting manah, inggih ingkang tjepak-tjepak, ingkang sakétja, oetawi prakawis ingkang énggal ngedalaken bati. Wonten malih laré ingkang sanget boten nglagakaken manah. Manawi dipoenbektani garapan, kerep boten dipoenadamel oetawi

boten rampoeng, manawi wonten apalan tamtoe boten apal, boekoekoeko asring kesoepeèn, jèn tapi paoekoeman njerat wonten nggrjira terkadang kantoen lan sapanoenggilanipoen. Ingkang makaten waoe tamtoe laré ing béndjing badé kapitoenèn ageng, saged kelampahan ing salaminipoen gesang badé tansah nandang ingkang boten sakétja. Déné ingkang dados djalaraning sangsaranipoen, boten sanès kedjawi kesèdipoen. Poenapa boten saé laré soesah manahipoen oetawi prihatos, awit saking dajanipoen paoekoeman, katimbang rekaos gesangipoen ing dinten wingking. Mila sampoen adjrih ngoekoem laré, ananging sampoen kesoepeèn manawi sadaja paoekoeman poenika sedijanipoen nglentjengaken ingkang bengkong, lan angleresaken ingkang lepat. Laré dipoen goe-goelang prihatos